The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 4 Jehovha ndiye utiziro nesimba redu, mubatsiri anogara aripo -- Ps. 46:1 2008

Jehovah Ndiye Utiziro Hwedu

na Godfrey Ndiriwenyu

"Jehovha ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika [kwedu]" [Pisarema 46:1].

" Jehovha anogara nokusingaperi ndiye utiziro hwako, uye pasi pako pane maoko anogara nokusingaperi" [Dheteronomi 33:27].

"Naizvozvo ngatiswederei tisingatyi pachigaro choushe chenyasha , kuitira kuti tigogamuchira ngoni uye tigowana nyasha , tibatsirwe panguva yokushayiwa [kwedu]" [Hebheru 4:16].

Mumwedzi mishomanana ichangopfuura hama yedu, Rich Carmcheal [uyo ari mupepeti wepepanhau rakazodzwa reHerald Of His Coming], akanyora nyaya inobata nokutenhedza zvikurusa pamusoro pokushanda kwaMwari kubudikidza namatambudziko anotiwira muupenyu hwedu. Mairi Rich akaradanura nokudonongodza nezvorungano rwaJobho, uye nokushanda kwaMwari muupenyu hwake kubudikidza namatambudziko akamuwira. [Chinondibata naJobho, ndeaya mashoko okuti 'Pazvinhu izvi zvose, pamatambudziko ose akamuwira, Jobho haana kutadza kana kupa Mwari mhosva.']. Mwanakomana waCarmcheal akasonedzera nyaya iyi zvineunyanzvi neungwaru, uye nokusiririsa izvo zvakasiya nhote dzemisodzi mumaziso angu. Paakange onopeta nyaya yake Rich akachururudza manzwi aya esimbiso kubva kuvaRoma 8:33, "Ndianiko achatiparadzanisa norudo rwaKristu? Kutambudzika here, kana nhamo, kana kutambudzwa, kana nzara, kana kushaiwa zvokupfeka, kana njodzi, kana munondo? Kwete pazvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida" Naizvozvo, sokunyora kunoitawo mupositori Jakobho [James] "muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji yemhando dzose, nokuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Kutsungirira kunofanira kupedza basa rako kuiitira kuti imi mukure uye muve vakakwana, musingashaiwi chinhu. Akaropafadzwa munhu anotsunga pakuedzwa nokuti paanokunda achapiwa korona youpenyu yakavimbiswa naMwari kuna avo vanomuda" [1:2-4,12].

Aya mashoko akadzama, anosimudzira uye nokususukidzira kuzvoumwari. Asika haisiri aya mashoko chete akandidzimba nokunditekenyedza. Chiripozve chikuru chakandidzimba potse kundichemedza. Nguva zhinji kana Mwari vachinge vaita izvo zvakadzama muupenyu hwangu, chikuru chindinogona kuita chete, kuchema. Hapana chinhu chinondibata, nokundipomodza sezvinhu zvaMwari. Kana pane chinhu chandisinganyari kuudza hama neshamwari dzangu, uye icho chandinodada nacho zvokunge dhirezi romuchato, ndechokuchema muzvinhu zvaMwari. Kana ndiri seni nyasha dzaMwari dzinondichemedza.

Waive uri musi weSvondo apo mumwe mufundisi weKereke yokwedu vakanyangarikirwa nemwanasikana wavo wamakore matatu nechidimbu. Pandiri kudai kunyora urwu rugwaro mwanasikana uyu haasati awanikwa. Tose takakatyamadzwa zvikuru nazvo uye tikave neurombo zvikuru nechiitiko chakadai.

Vari mushishi saizvozvo yokutsvaga mwanasikana wavo uyu, Chipiri chakatevera pepanhau reHerald Of His Coming rakabva rangosvikawo, rikanowira mumaoko amufundisi ava vekurasikirwa nemwana. Mufundisi pavakanoti bhedhenu, meso avo akanowira panyaya yaRich yandanga ndichitaura nezvayo pamusoro iyo yaiva nomusoro unoti *"The Lord works Through Suffering,"* [MuChishona tingati isu "Ishe vanoshanda Kubudikdza Namatambudziko" Pavakangopedza kuiverenga nyaya iyi, mufundisi ava vanoti ivo "ndakasvimha misodzi sechana chidiki. Kwete kuti ndaichema mwana wangu aive anyangarika asi kuti ndakakatyamadzwa nokusvika kweshoko rakafanira panguva yakafanira uyewo kuiniwo munhu akarifanira". Neniwo chiitiko ichi chakandibata bata zvikuru. Ko aya akangove mawiramombe here kana kuti pakave nokushanda kweruoko rwaMwari. Munzwezve mufundisi ava vachipindura nokupupura, 'Nyaradzo, kurudiziro uye nemutsiridzo yandakawana muchinyorwa ichi, hizvingaiti kuti ndingoti ini aya akava mawiramombe. Chokwadi chiripo ndechokuti apa pakave nekushanda kworuoko rwaMwari". Urwu ndirwo rungano rwepepanhau reHerald of His Coming nguva nguva dzose. Rine kakufemerwa kaMwari. Rine udosvi nemukaka wemweya. Rinouya panguva yakafanira uye neshoko rakafanira, kumunhu akarifanira. Chokwadi chiripo ndechokuti ***Herald Of His Coming*** rinoshandiswa naMwari. Bhaibheri shoko raMwari rinoti iro, meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomuda nokumutya, napamusoro paavo vanoisa tarisiro yavo murudo rwake rusingaperi. Kana dai vakawira mumatambudziko kana mukuidzwa kwakaita sei Jehovha akavimbisa kuvapindura munguva yakafanira. Inzwa "Ndini Jehovha Mwari wako. Pakutambudzika kwako wakadana kwandiri ini ndikakununura, ndikakupindura. [Ps 81:7]. Panguvawo yakafanira anovanyaradza nokuvatonhodza, "ipapo uchadana Jehovha

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

Zvidzidzo Zvebhaibheri...

Na Mufundisi Zivai Shoko

***"Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene"* [Mabasa 20:32].**

***"Uswa hunooma uye maruiva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi"* [Isaya 40: 8].**

Zvinyorwa zvinotevera zvakaitirwa kuti zvikubatsire iwe mukunzvera nokunzwisisa Bhaibheri, shoko raMwari. Asika tisati tapinda muizvo zvakakosha nokudzama zveshoko raMwari, pane zvikuru zvakakosha zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu. Chokutanga: "Rugwaro rwose [Apa zvichireva Bhaibheri rose zvaro] rwakafemerwa naMwari, uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari [Johane 1:12; 1 Johane 3:1] akwaniswe kwazvo agadzirirwe mabasa kanaka". [2Timoti 3:16] Mukutsigira mashoko iwaya mupositori Petro anoti iye, "munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Nokuti hakuna chiporofita chakatongouya nokuda kwomunhu [wo zvake], asi vanhu vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene [waMwari]". [2 Petro 1:20]. Naizvozvo chokwadi chiripo uye chisina ani anopikisa ndechokuti, Bhaibheri, ishoko raMwari, rakatakura, uye rakagukuchira mifungo yaMwari. Mushoko raMwari munotaurwa mashoko ouchenjeri pavanhu vakuru asi kwete uchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino. Bhaibheri rinotaura nezvouchenjeri hwaMwari hwakavanzika, uchenjeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo.

Chechpiri ndechokuti: " Shoko raMwari ibenyu uye rine rose simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, uye rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo uye rinotonga mifungo nendangariro dzomweya" [VaHebheru 4:12]

Chechitatu ndechichi: Verenga Bhaibheri rako mazuva ose.

Sarudza nguva nenzvimbo yakaterama. Kana zvichibvira, sendeka parutivi nguva nenzvimbo zuva roga-roga yokuverenga nokufungisisa pamusoro pamashoko aunenge uchiverenga. Nguva yako ichava nepundutso zvikuru [uye uchawana zvizhinji] kana ukazvidzivisa nokuzvidzidzisa kamuitiro ikaka kokutora nguva yokuverenga shoko raMwari. Vachitaura mubhuku yaMateo, Ishe Jesu vanoti ivo, "munhu haangararami nechingwa chete asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari". [4:4]

Zviri kurehwa neshoko apa hama yangu ndezvizvi, kuti munhu anyatsorarama upenyu hwakazara, hwakatsiga, hwakadzikama, uye hunotapira anofanira kuva nokudya kuviri, kwenyama uye nekwopamweya. Kwenyama aiwaka handingatauri zvizhinji nezvakwo: sadza nomukaka, chingwa, putugadzike nezvimufushwa nhai!

Asika kunewo kudya kwomweya, kunova iro shoko raMwari. Pane ichozve chaunofanira kubatisisa ipapa hama yangu. Ishe havana kungoti ivo "shoko" chete. Vakati ivo "neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari". Shoko rimwe nerimwe riri muBhaibheri rakakosha uye unofanira kurirava. Vachitaura naJoshua, mwanakomana waNuni, muranda waMozisi, Jehovha vanoti ivo "chenjerera kuti uteerere mirayiro "yose" yawakapiwa naMozisi, muranda wangu; usatsaukira kurudyi kana kuriboshwe, kuti ubudirire kwose kwose kwaunoenda". [Joshua 1:7]. Pavhesi 8 Mwari vanoendererazve mberi vachiti ivo, "Bhuku iri romurairo harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati, chenjerera kuita zvose zvakanyorwa mariri, uye, ipapo uchabudirira kwazvo". Mudikani, kumunhu wose zvake ari mukristu, Bhaibheri, shoko raMwari, rakakosha, uye mukristu anofanira kurava Bhaibheri rose, kwete kungojobora–jobora sezvatinogara tichiita. Chishuwo chaMwari ndechokuti shoko rake tirirave rose sezvariri. Zvine ngozi huru, savanhu vaMwari kungonhonga-nhonga nokunamatidzira mavhesi pose pose mudzimharidzo dzedu. Hongu angavapo mavhesi anopindirana ayo tinofanira kusonedzera mudzimharidzo dzedu. Asi nguva zhinji tinofanira kuva nechokwadi chezvinenge zvichirehwa munyaya yatiri kukoponora nokunamatidzira mavhesi edu. Muchirungu vanoiti iyo **"context".** Vara rokuti **"context"** rinopa mubvunzo wokuti inyayai yaitaurwa nezvayo, kana kuti zvii zvanga zvichitaurwa nezvazvo zvinosanganisira mavhesi awaya awakoponora nokunamatidzira. Somuenzaniso, zvingaita here kuti munhu ati iye chokwadi cheshoko pana maPisarema 14:1 na 53:1 chinoti icho **"Mwari hakuna".** Hazviiti anditi? Nokuda kwokuti izvo chipimo chevhesi iyi chinofanira kutorwa kubva payinotangira. "Context" yevhesi iyi inoti iyo "Benzi rinoti iro mumwoyo maro 'Mwari hakuna'. Iyi ndiyo yavanoti "context". Unenge watora pfungwa dzose munyaya yauri kuverenga nezvayo. Naizvozvo zvakakosha kuti tisangozvuzvurudza mevhesi pose pose tichikanganwa nyaya iyoyi ye"context". .Kukanganwa ichi chinhu kutyora kudzero huru yeshoko raMwari. Somuenzaniso ndiani wedu akomboti kana atambira tsamba kubva kumudiwa wake otanga nokuverenga mutsara wokutanga, okwakuka achinoverenga mutsara wepakati, pedzezvo ochonjomara achinonoverenga mutsara wokuguma.

Chimwezve chakakosha pamusoro peBhaibheri ndichichi: mukristu mumwe nomumwe anofanira kuva neBhaibheri rake.

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviriuye riopihwa pachena kuna an naani anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.
Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu.
Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Runhare 091 929 673.
Nhengo dzeAdivisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, na Wisdom Tshuma

Munyori kuvaPisarema anoti iye, "Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu nechiedza chenzira yangu" [119:105]. Murwendo rwechikristu, mumwe nomumwe anofanira kuva nemwenje wake uye sezvo tiri munyika yerima mumwe nomumwe anofanira kugara akabata mwenje wake. Kwete kumirira kuvhenekerwa nevamwe. Shoko raMwari rine upenyu uye rine simba rose. "Jesu akati kwavari , 'Mashoko andinotaura kwamuri ndiwo mweya, uye ane upenyu"…. "ndinokuudzai kuti ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda kuuyo akandituma , ano upenyu husingaperi uye haachazotongwi, abva murufu uye aenda kuupenyu" Magwaro ose zvawo anopupura pamusoro paJesu Kristu ishe wedu. [Johane 5:39]. Uswa hunooma uye maruva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi". [Isaya 40: 8]. "Kudenga denga kwakaitwa neshoko raJehovha , hondo dzenyenyedzi dzako, [dzakaitwa] nokufema kwomuromo wake… Nokuti iye akataura zvikaitika, akarayira zvikamira". [Pisarema 33:6,9]. Mukuverenga shoko raMwari usasiye munyengetero. Munyengetero wakakosha zvikuru uye zvinofanira kuva tsika nditsikewo nokurava Shoko raMwari. Mukurava Shoko raMwari, Mwari vanenge vachitaura newe, mumunamato newewo unenge uchitaura naMwari. Mwari vanozviratidza kwatiri kubudikidza noMweya wake. Mweya unonzvera zvinhu zvose kunyange zvakadzika dzika zvaMwari. 'Nokuti ndianiko pakati pavanhu anoziva pfungwa dzomunhu kunze kwomweya womunhu uri mukati make? Saizvozvowo hapana munhu anoziva ndangariro dzaMwari kunze kwoMweya waMwari. Kuti tizive ndangariro dzaMwari tinofanirakukumbira Mweya Mutsvene kuti ave ndiye mudzidzisi wedu. Nokuti ndiye ari pedyo naMwari uye ndiye chete anokwanisa kutidzidzisa nokutidudzirira zvokwadi zvomweya namashoko omweya. [1Korinde 2:6-15]

CHIMIRO CHEBHAIBHERI

Bhaibheri rine mabhuku makumi matanhatu anamatanhatu [66 books], zvitsauko chiuru chine zana namakumi masere anepfumbamwe [1,189 chapters],mavhesi ane zviuru makumi matatu nezana rimwe chete [31,100] uye namanzwi anosvika 777,133, apa takatarira bhuku ye King James' Version sokuverenga kweboka reGideons International. Rakanozoka-mururwa kamururwa kuva zvikamu zviviri, Testamenta Yakare [Old Testament] ,iyo ine mabhuku makumi matatu nepfumbamwe [39] uye ne Testamente Itsva [New Testament] iyowo ine mabhuku makumi maviri namanomwe [27]. Inzwi rokuti Bhaibheri rinobva painzwi rechiGreek rinoti "Biblia" iro rinoreva mabhuku. Kana riri rimwe tinoti "Biblion" . Kanapo ikozvino nokuda kwokushanduka shanduka kwemitauro vanhu vave kutora shoko rokuti "Bhaibheri" sebhuku rimwe, kumatangiro inzwi rokuti Bhaibheri raireva chidura chidiki chamabhuku [small library].

Bhuku rimwe nerimwe rakanokamurwa kuva zvitsauko izvo zvakaitwa naCardinal Hugo mugore ra1250. Zvitsauko izvi zvakazonotseketudzwazve kuva ndima [mavhesi] mugore ra 1551 navaRobert Stephens [Robert Etienne]. Chaunofanira kubata ndechokuti mavhesi haana kunyatsobata zvakati kwesere. Zvakangoitirwa chete kuti zvive nyore pakuverenga. Kana ukatarira pakanyorwa kuti "Zviri mukati" kumavambo kweBhaibheri uchaona mabhuku omuBhaibheri akanyorwa. Uchaonazve kuti mamwe mabhuku ane zvikamu zviviri: somuenzaniso mutestamente yakare tina Samueri, VaKoronike,naMadzimambo ukuwo muTestamente Itsva muna VaKorinde, Teseronika, Petro naJohane.

MARONGERWO AMABHUKU OMUBHAIBHERI

Mabhuku mashanu omurayiro [Books of the Law] Mbhuku aya anobva panaGenesisi kusvika pana Dhetoronomi, uye anozivikanwawo nezita rokuti "Pentateuch". Inzwi rokuti Pentateuch rinoreva magwaro mashanu akapetwa [five scrolls]. Dzimwe nguva anozivikanwawo samabhuku aMozisi, nokuda kwokuti Mozisi ndiye mutambi mukuru mumabhuku iwaya. Mabhuku Mashanu akakosha zvikuru muchitendero chavaJudha

Mabhuku enhoroondo [History books] Aya anodononggodza nokuronderdzera rungano rwavaIsiraeri kubva parufu rwaMozisi kupinda kwavo muKenani zvichienda mberi. [Anobva panaJoshua kusvika panaEsteri]

Mabhuku eNhetembo noungwaru, [Wisdom and Poetry Books] Ayawo anobva pana Jobho kusvika paRwiyo rukuru RwaSoromoni. Umu ndimo mutinonyurura manzwi oungwaru muzvoumwari. Ndimozve madzinodandaurwa mbira dzokurumbidza Mwari hosho nemitumba zvichidavirana.

Mabhuku echiporoofita. Kune mabhuku mazhinji echiporofita [Gumi namanomwe, 17] ari MuTestamente Yakare, uye akaunganidzwa pamwe chete , kubva kuna Isaya kusvika kuna Maraki. Vanhu vazhinji nhasi kana vachitaura nezvechiporofita vanofunga nezvekutaura pamusoro pezvichauya. Asika chiporofita chomubhaibheri chinopfuura ipapo. Vaporofita vaitaura shoko rainge rabva kunaMwari , kwete pamusoro paramangwana chete asiwo nokuti Mwari vanoti kudii nougaro hwavo panguva iyoyo. Kazhinji kazhinji vaitanga namashoko anoti "Zvanzi naJehovha" zvichireva izvo kuti vaive vachitaura sokureva kwaJehovha Mwari wavo. Mabhuku echiporofita akakamururwawo kuva muzvikamu zviviri: Vaporofita vakuru navadiki ***[major and minor prophets]***. Vaporofita vakuru ***[major prophets]*** vanobva pana Isaya kusvika pana Dhanieri, vadikiwo [ma***minor prophets]*** vachizobva pana muporofita Hosea kunowira pana Maraki.

Mabhukuwo omuTestamente Itsva akakamururwawo kuvamuzvikamu zvinotevera:

Mabhuku eIvhangeri: Mateo kusvika panaJohane. Kunyange zvazvo kune mabhuku mana eVhangeri bhuku rimwe narimwe rinotaura nyaya yaJesu kubva pamaonero akasiyana, uye rimwe narimwe rine nzira yaro yarinotaura nayo nyaya yacho. Mateo akaisa pamwe chete dzidziso dzaJesu ukuwo Mako anotaura nyaya zvakajeka asi achikurumidza; Ruka anonyora nounyanzvi pamusoro pavanhu vazhinji vanowanikwa munyaya yaJesu [Ndiyewo akanyora bhuku yaMabasa Avapositori [verenga Ruka 1 vs 1 uchienzanisa naMabasa 1:1]; Johane akati siyanei namamwe mabhuku, izvo zviri pachena kubva pavhesi yokutanga. Zvishamiso zvaJesu mubhuku yaJohane zvinonzi zviratidzo, Jesu haatauri ne'zveumambo' asi 'zvoupenyu husingaperi'. Mubhuku yaJohane kutaura uku kwokuti "Ndiri" kunowanikwa kakawanda, uye kuonekwa

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 1)
achipindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, iye achati 'Ndiri pano" [Isaya 58:9]. Chokwadi tina Jehovha vanonzwa nokupindura minyengetero yedu panguva yakafanira. Pana mufundisa ava Mwari vakapindura kubudikidza nepepa ***reHerald Of His Coming***. Inzwa mudikani pavanhu vose zvavo veino nyika, isu vana vake tiri rudzi rwakakomborerwa zvikuru. Pamarudzi ose ose zvawo isu tiri vanhu vakakomborerwa nokuti tinaIshe vanotida, vanerudo uye vakatendeka. Hama yangu zvinhu zvakadai hazvisimudziwo here mupururu memheterwa muvana vaMwari. Inzwa zvavanotaura Jehovha kuna muporofita Isaya, "Usatya nekuti ini ndakakudzikinura, ndakakudana nezita rako, uye uri wangu. Paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda munzizi hadzikukukuri. Paunofamba nomumoto, haungazotsvi, murazvo wavo haungazokupisi. Nokuti ini ndini Jehovha, Mwari wako" [43:1-3]. Kana wapiwa chivimbiso chakaita sechichi zvinoshamisa here kunzwa mutendi achiimba pamwe naDavhidhi achiti, 'Kunyange ndikafamba nomumupata nomumvuri worufu handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni, tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza". [Ps 23:4]. MuPositori Pauro vachitaura kuKereke yevaFiripi vanoti ivo, "musafunganya pamusoro pechimwe chinhu [musafungisisa zviya zvokuti munhu anosara aonda sechikei] asi muzvinhu zvose nomunyengetero uye nomukumbiro, nokuvonga, isai zvikumbiro zvenyu kuna Mwari . Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu". 'Naizvozvo hama dzangu dzinodiwa, mirai makasimba. Pashaiwe chinhu chinokuzungunusai ... nokuti munoziva kuti kubata basa kwenyu munaShe hakungavi pasina" [1 Korinde 15:58].

Chivimbo changu ndechokuti mune chino chinyorwa **cheMharidzo** uchawanawo shoko rimwe chete rakafanira iwe panguva yakafanira. Dai mweya mutsvene vakakwanisa kufemera inzwi rorunyararo kuuyo ari mukutambudzika; apfekedze 'korona yorunako pachinzvimbo chamadota, mafuta omufaro pachinzvimbo chokuchema uye nenguo yokurumbidza pachinzvimbo chomweya wakarukutika" [Isaya 61:3]. Dzimwe nguva ndichitaura kudai, waka"dhibha" mumatambudziko, pamwewo wanyangarikirwa kana kufirwa nawaunoda zvikuru; dzimwe nguva uri kuchema nokuda kwokuti zvinhu hazvina kunyatso mira zvakanaka, "zvakadzvanya" sokutaura kwamazuvaano mumhuri kana kubasa. Ndine shoko rimwe chete kwauri kubva kuna Ishe vedu mwedzi uno, "Usachema" [Ruka 7:13] uye "Nyarara kuchema" [Ruka 8:52]. ***"Uyai kwandiri imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakupai zororo. Takurai joko rangu, muchawana zororo remweya yenyu".*** Vanodaro ishe Jesu pana Mateo 11:28, 29. Mukuzvininipisa zviswededzere pana "Mwari nababa vaIshe wedu Jesu Kristu, ivo baba vengoni naMwari wokunyaradza kwose, avo vanotinyaradza pamatambudziko edu ose, kuti nesuwo tigone kunyaradza [vamwe] pamatambudziko avo nokunyaradza kwatakawana isu kubva kunaMwari" [2 Korinde 1:5].

Oh! maoko edu kwamuri imi Mwari
Maoko edu kwamuri imi wedenga,
Munotipa chokudya chedu ose mazuva,
Uye munoziva izvo zvakatifanira.
Muri Mutsvsne, mutsvene, mutsvene
Iyemi Jehovha Wamasimba Ose,
Makange muripo, uye muchavapo kusvikariini.
Oh! Jehovha nyika yose izere nokubwinya kwenyu.
Oh! maoko edu kwamuri imi Baba,
Musiki nomuiti wazvo zvose,
Makatendeka, uye makafanira kurumbidzwa,
Maoko edu kwamuri imi Ishe wedenga,
Tinokutendai nokukukudzai imi Wamasimba
Ndimi chete makafanira kukudzwa nokutendwa,
Nerenyu ropa mukatidzikinura.
Mukatitengera kuumambo nuoprista.

Mwari vakuitirei nyasha hama mwedzi uno. Rambai muchitirangarirawo muminyengetero yenyu nguva dzose. Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva kusvika pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye akakudanai akatendeka uye achazviita.

(Kubva Papeji 3)
kwaJesu mushure mokumuka kwake kubva kuvakafa kunobuda zvakajeka.

MuTestamende Itsva bhuku renhoroondo ndiMabasa Avapositori, iro rinopa nhoroondo yamabasa akaitiwa nevateveri vaJesu Kristu [vapositori] iye asiya ino nyika. Chikuru chatinowana mubhuku iyi ndochokuti vapositora vakakwanisa kuita mabasa ose aya mushure mokutambira simba kubva kumusoro. [mabasa 1:8: Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu, uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, uye kusvikira kumigumo yenyika".

Tsamba: Kubva panavaRoma kunosvika pana Judha. Tsamba idzi dzinokwanisa kupatsanurwa kuva muzvikamu zviviri: Idzo dzakanyorwa namupositori Pauro [Pauline letters VaRoma kusvika pana Firimoni], pozovawo nedzmwe dzakanyorwa navamwe vanyori [maGeneral letters]. Idzowo dzinobva pana VaHebheru kusvika panaJudha. Mupositori pauro ndiye akanyora tsamba zhinji, idzo dzinosvika gumi nanhatu, [13].

VAHEBHERU

Hazvinyatsozivikani kuti ndiani akanyora tsamba iyi, uye kuti yainyorerwa ani. Sezvo dingindira romunyori riri Temberi nemitambo yayo, zvaiva zvinongedzo zvenguva iyoyo kuchiKristu, zvingangodaro kuti vaverengi varo vaiva vaJudha [VaHebheru]. Chimwezve chaunofanira kubatisisa ndechokuti mutsamba iyi shoko rakakosha nderokuti "nani". Mariri Jesu anotorwa seari nani uye mukuru muna zvose.

Chiporifita: Chiporofita chomuTestamende Itsva ndiZvakazarurwa iro rinovawo bhuku rokuguma mubhaibheri. Chinofadzazve nebhuku iyi ndechokuti rinogumawo namashoko aya okuti, "Nyasha

(Inoenderera Mberi Papeji 5)

JESU NDIANI?

naDave Butts

Mupasi rose zvaro hapana mubvunzo wakakosha kupfuura iwoyu wechimiro chaJesu Kristu weNazareta. Mubvunzo wokuti 'Ko Jesu ndiyaniko? Mhinduro kumubvunzo iwoyu haungobata bati chete nezvoupenyu hwako nhasi, asiwo unonongedzerawo uko kwauri kuenda. Hango panewo dzimwe nyaya dzakakosha, asi dzose dzinodzima pane iyi yechimiro chaJesu Kristu. Imbonzwa mhinduro dzakapiwa navamwe kumubvunzo iwoyu wokuti Jesu ndiani. Uyo asingatendi, kana kuti asingaoni batsiro yezvitendero akati "Jesu aiva mudzidzisi anomukurumbira mukuru kwazvo". vechiChawa vanotenda kuti jesu aive muporofita mukuru anofanira kuremekedzwa". Mumwewo munyori wenhoroondo dzenyika akti iye Jesu ndiye mutangi wechitendero chikuru muapsi rose zvaro". VechiHindu, Chibhudha uye neve New Age vanomuona seimwe yedzimwe nzira dzokuenda kuna Mwari Baba vedu. Mushure mokunzwa mhinduro dzose idzi, rega ndikubvunzewo kuti ko iwe unoti Jesu ndianiko? Mubvunzo unoda mhinduro kubva kuno mumwe namumwe wedu. Nerimwe zuva Jesu vambubvunza vadzidzi vavo mubvunzo mumwe chetewo. MuIvhangeri yaMateo tinonzwa hurukuro inoisvfadza yaive yakanangana naiyoyi nyaya yokuti Jesu vambori ani?

"Jesu akati asvika mudunhu reKesaria Firipi, akabvunza vake akati, 'Ko vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko?' Vakati vamwe vanoti muri Johane mubhabhatidzi, vamweo vanoti Eria, vamwewo vachiti Jeremia kana mumwe wavaporofita."

"Akabvunzazve akati, 'Ko imi munoti ndiri ani?' Simoni Petro akapindura akati 'Ndimi kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu."

Nanhasi ishe Jesu vachiri kungibvunza mubvunzo mumwe chetewo kumumwe namumwe wedu. "Ko imi munoti ndiri ani?"

Ngatimbotarirai kuti ivo jesu vanoti kudii pachavo.

* "Ini naBaba tiri vamwe" [Johane 10:30].

(Kubva Papeji 4)

dzaIshe Jesu ngadzive navanhu vaMwari. Ameni." [22:21] Tsamba iyi yakanyorerwa Kereke nomwe dzokuEzhia diki dzinorehwa namazita adzo pakutaurwa kwamashoko anobva Jesu muzvitsauko 2-3. Muchikamu chinotevera mufundisi Zivai vachatarira zvakadzama bhuku ravahebheru. Bhuku ravahebheru rakagukuchira uchi noudobo dobo hwedzidziso pamusoro pounani hwaKristu. Naizvozvo kusvikira tasangana muchinyorwa chinotevera rangarira kuti "kutenda kunouya nokunzwa, uye kunzwa shoko raMwari" [Varoma 10;17] somucheche achangoberekwa ramba uchipanga mukaka wakachena womweya kuti ugokuriswa nawo muruponeso rwako sezvo wakaravira kuti Ishe vakanaka [1 Petro 2:2].

* "Asi kubva zvino Mwanakomana womunhu achagara kuruoko rworudyi rwaBaba ane simba" [Ruka 22:69].

* "Vose vakamubvunza vachiti, 'Ko zvino iwe ndiwe Mwanakomana waMwari here?' iye akapindura achiti, 'Mareva zvakanaka, zvamati ndini iye" [Ruka 22:70].

* "Ani naani aona ini aona Baba" [Johani 14:9].

* "Zvichienderana namanzwi aishe Jesu, ivo ndivo 'Kristu,' 'Messiah' Mwanakomana waMwari mupenyu." Ndivo vanga vakamiriririrwa, Mwanakomana waMwari, vaiuya kuzosima umambo hwaMwari pane ino nyika. Havaziri ivo Jesu chete vanopupurira kuaya manzwi. Inzwa dzidziso yeKereke yokutanga pamusoro pokuti Jesu ndiani:

* "Naizvozvo vaIsreaeri vose ngavazive izvi: Kuti Jesu uyu, wamakarovera pamuchinjikwa, Mwari akamuita Ishe naKristu" [Mabasa 2:36].

* "Ndiye mufananidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose" [Korose 1:15].

* "Iye akapinda mudenga uye ari kurouko rworudyi rwaMwari, vatumwa namasimba noushe zvose zviri pasi pake" [1Petro 3:22].

* "Naizvozvo Mwari akamukudza akamuisa panzvimbo yapamusorosoro uye akamupa zita riri pamusoro pamazita ose" [VaFirpi 2:9].

* Vakaimba neinzwi guru [riri pamusoro] vachiti: "Gwayana ndiro rikafanira, iro rakanga raurayiwa, kuti rigamuchire simba nepfuma nouchenjeri nesimba nokukudzwa uye nokurumbidzwa" [Zvakazarurwa 5:12].

Kereke yokutanga yakarwa hondo huru kwazvo pamusoro poumwari hwajesu. Pakange pane vavariro huru kwazvo yokuderedzera uremu hweIvhangeri nokubvisa izvo Jesu vaiveri, uye zvavaiti ivo vari. Zvinyorwa zvizhinji zvamupositori Johane zvaive zvakanangana nokupikisa dzidziso yechimwe chikwata chavadzidzi veBhaibheri chaizivikanwa nezita rokuti ma"Nositiki" avo vaitenda kuti Jesu vakanga vasina kuperera pauMwari panyama. Nyaya iyi nanhasi ichiri mudariro, uye vazhiji havanyatso inzwisisa. Ndakange ndichitungamira zvidzidzo zvezhaibheri kumba kwedu nerimwe zuva apo takanzwa kugogodza pamusuo. Pandakazarura, ndakaita mahwekwe neimwe nhengo yechikwata [chakarasika] chichakangobatirira kudzidziso iyi yechiNositiki [Zvapupu ZvaJehovah]. Pachinzvimbo chokuti ndivadzinge sezvandagara ndichiita, ndakavakokera kuzvidzidzo zveBhaibheri zvataiva nazvo. Pavakangopinda chete, vakabva vatanga kutiudza neizvo zvikuru zvavanotenda. Handina kubvuma kuti ndikakatirwa mugakava navo, asi kuti ndakavabvunza mubvunzo mukuru, iwoyu wokuti "Ivo vaiti Jesu ndiani? Takatozoguma toita setatsamwinasana nokungoramba ndakasimbirira pamubvunzo iwoyu wokuti Jesu aiva ani muchitendero chavo. Chiriporipocho vakabva vasimuka ndokuenda tisati tapedza hurukuro yedu. Ndakasara ndichitarira vamwe vangu mukushamiswa, uye ndikazononggedzera kwavari kuti nyaya iyi yokuti Jesu ndiani, ndiyo inotsaura Mekereke ezvokwadi kubva kuvamanyepo.

Kereke yaShe nhasi inofanira kubatisisa chokwadi ichi chatakazarurirwa chokuti Jesu ndiani—"ndiye mwanakomana

(Inoenderera Mberi Papeji 6)

Kuva Mutsvene Usina Chaunopomerwa

Hapana icho chakakosha kupfuura **Baba vedu Mutsvene** avo vane kubwinya kunozadza nyika namatenga ose.
Hapana icho chakakosha kupfuura **Muponisi wedu Mutsvene**, uyo akadeura ropa rake kuti atidzikinure kubva muzvivi.
Hapana icho chakakosha kupfuura **Mweya Mutsvene** wake uyo isu temperi yake tiri.

NaDel Fehsenfeld

Mwari vakagumbuka zvikuru, uye paive nechikonzero chikuru nemhaka yei. Mavhiki matanhatu achangopfuura, vaIsiraeri, [vanhu vake vaichanodzikinurwa kubva muuranda rweIjipita], vaive vavimbisa nokutsidza kuzozviisa pasi poutongi hwake uye vatsidzazve kuzoteerera yose mitemo yake. Asika nechinguva chisipi vaive vatodzisvoora nyasha dzaMwari. [Muutungamiri hwaAroni mukoma vaMozisi vaive votononogedzera nokurumbidza zvidhori vachiti ndizvo zvakavasunungura kubva munyika yeuranda yeIjipita] Mumaune , uye muzvaive pachena, vaive votoparanura paranura mutemo mukuru wokutanga uye wakakosha kurudzi rwaIsiraeri. "Usave navamwe vaMwari kunze kwangu". Ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wako. Usazviitire mufananidzo wechinhu chipi zvacho chiri kudenga kumusoro kana wechiri pasi kana wechiri mumvura. Usazvipfugamira kana kuzvinamata." Kuita kwose uku kwakasimudza nokutukunyudza hasha dzaMwari zvikuru. Munyengetero wokumiririra waMozisi chete ndiwo wakatozodzivisa ruoko rwehasha dzaMwari kuwira pamusoro pechaunga chake panguva imwe chete. Kutongwa kunotyisa uku kwakasendekwa padivi Mwari vanoudza Mozisi kuti atungamire vana vaIsiraeri kunyika yavo yechipikirwa. Anovimbisa Mozisi kuti vanhu vaizochengetedzwa nokupa kwake nezvipikirwa zvake uye nedziviriro yake. Asi,ivo Mwari pachavo vanoti ivo "asi ini handiendi nemi nokuti ndingazokuparadzai munzira, nokuti muri vanhu vane mitsipa mikukutu" [Ekisodho 33:3]

Zvisinei zvazvo nokuvimbiswa kwenyasha dzaMwari nounyoro hwavo, Mozisi akaramba kuenda asina huvepo hwaMwari, "Ipapo Mozisi akati kwaari, 'Kana kuvapo kwenyu kusingaendi nesu, [ndapota] musatibvisa pano". [Ekisodho 33:15] Nemamwe manzwi Mozisi arikuti iye "Mwari, kana imi musingaendi nesu, isuwo hatiendi. Achitambudzikira Mwari, mutungamiri uyu anoenderera mberi achitsanangurira Mwari kuti kuvapo kwavo chete ndikwo kwaitsaurura vanhu vake kubva kumamwe marudzi ose apanyika. Pasina kuvapo kwaMwari, hapana icho chaiva tsaura kubva kumamwe marudzi ose zvawo.

Nemhaka yeiko Mwari asaida kuenda nevanhu vake? Mhinduro iri pachena, ndeinoti. Mwari mutsvene. Huvepo hwake hahugarisana neavo vasiri vatsvene.

Ndiyo mhaka nei, makore makumi mana akatevera, pavakange vogadzirira kupinda muKenani. Mozisi akavayambira zvakare achiti "Jehovha Mwari wako anofamba-famba pamusuo wenyu achikuchengetedzai nokukurwirai kubva kuvavengi venyu... saizvozvowo musasa wenyu unofanira kuva mutsvene kuitira kuti arege kuona zvisakarurama pakati penyu akazokufuratirai". [Dhetoronomi 23:14] Mururemekedzowo muporofita Habhakuki vanotsinhirawo vachiti ivo "Haiwa Mwari wangu, haiwa mutsvene wangu... meso enyu akachena zvokuti haatarisi zvakaipa uye hamungatenderi zvakaipa". [1:12,13]

VaIsiraeri vemunguva yakare vaigarorangaridzwa chinhu ichi choutsvene hwaMwari uye nokuti navowo vaifanira kugara vari vatsvene. Pachiitiko cheMhuru YeGoridhe, [chatambobata bata nezvacho pamusoro] vane zviuru zvitatu vakafa nokuda kwezvivi.

(Inoenderera Mberi Papeji 7)

(Kubva Papeji 5)

waMwari mupenyu, ndiye Kristu, Messiah "Muzodzwa waMwari", Ndiye Ishe waMadzishe uye mambo wamadzimambo. Asika nyika yatinorarama haidi kuzvinzwa izvozvo. Dai kungori kuti chete Jesu akanzi aive muporofita nomudzidzisi mukuru, aizodiwa nokuyemurwa zvikuru. Chitendero chineukasha, cheChimosiremu, icho chirikupararira zvikurusa mazuva ano, chinorambisisa zvikuru kuti Jesu anzi ndiye Mwari. Asi inzwa zvinotaurwa neShoko raMwari panaIsaya "Nokuti takazvarirwa mwana, takapiwa mwanakomana, uye umambo huchava pamafudzi ake. Uye achanzi Gota Rinoshamisa, Mwari ane simba, Baba vokusingaperi, Muchinda worugare. Kukura kwoumambo hwake nekworudare rwake hazvizovi namagumo". Vanoti ivo Jesu aive Muporofita akati derereri zvishomana panaMahomedhi. Pakati kati pechamupidigori nenhari idzodzi Kereke inofanira kusimudza chokwadi cheShoko raMwari chokuti tariro yedu chete ndeyekuzararirwa nokuziva Mwanakomana waMwari, Ishe Jesu Kristu.

Panechimwezve chatinofanira kufungisisa apo patinosimudza Jesu saIshe noMuponisi wedu. Hazvina kungokwana samaKristu kutenda kumanzwi akanaka pamusoro paJesu. Tinofanira kurarama nenzira ichaita kuti nyika yose ione kuti zvechokwadi Jesu ndiye Ishe. Kana tikatenda kuti Mwari vakauya munyama neropa saJesu weNazaretha, upenyu hwedu hunofanira kupa rukudzo nokubwinya kuna iye Ishe Jesu Kristu. Sahwira wanguDavid, murume andinofarira zvikuru nokuti ari mushishi yokudzoredzera nzwisiso yakaswatuka kuKereke pamusoro poukuru hwaJesu Kristu. Regai ndipfige namanzwi mashomana aya anodenha, kubva kuna David pamusoro poumwari hwaKristu: "Kana vaKristu vakakahadzikira, kukubwinya kwaJesu, pane zvizhinji zvinosanduka nokuitika. Tinobva mumakwande aye 'ouzvakanaka zvakadaro.' Tinosimuka tigomhanyira Kristu nemwoyo yakaperera uye chinangwa cahke tiri mukubwinya kwakazara. Tinosiya kutyira bondemuponde, tova nekuzvipira kunaKristu, kuizvo zvose zvaari uye nezvaanoda kuita. Tinotangisa kuva nehanya naye."

[Kubva muna 'Christ is all']

(Kubva Papeji 6)

Vakafa nemhaka yokuti Mwari mutsvene,uye havadyidzani [bodo] nechivi. Vari munzira kubva pagomo reSinai vachienda Kadheshibhania, moto waMwari wakauraya vose vaive vamutsamwisa nokugunun'una uye nokungochemachema zvisina maturo. Chikonzero? Nemhaka yokuti Mwari mutsvene uye havadyidzani [bodo] nechivi. Pachinguvana chishoma chakatevera, rudzi rwose rwakatongerwa kugara nokufira murenje. Nemhaka yei? Mwari mutsvene, havadyidzani [bodo] nechivi uye havafariri chivi chokusatenda.

Apo vanemazana maviri namakumi mashanu vakamukira Mosisi, pasi rakazaruka rikavamedza vose navatumgamiri, uye vazhinji vakafa nokubvurwa bvurwa nomoto. Chikonzero? Mwari Mutsvene uye havadyidzani [bodo] nechivi. Makore akawanda akazotevera, Mwari vakazarurira muporifita Ezekieri, kuti nemhaka yei vaive nekodzero yokuendesa rudzi rwaIsiraeri muunhapwa nouranda. Ari mumweya Ezekieri akatorwa akanoiswa, kwete panzvimbo yedzipfambi, kana nzvimbo dzehurumende asi Mutemberi yeJerusarema, uye akanzi atarire mukati mayo kuti aone kuti maive nei uye maiitwei?. Kubvira kumapenderekedzo ayo kusvikira Munzvimbo tsvenetsvene, kunamata zvidhori nezvinonyangadza zvaive zvazara teshe. Mwari vanoti ivo kumuporofita "mwanakomana womunhu, unoona here zvavari kuita, izvo zvinhu zvinonyangadza chose zvinoitwa neimba yaisiraeri. Zvinhu zvichandiisa kuresa neimba yangu tsvene".[8:6]

Mwari pavakadanidzira kutongwa pamusoro pevaigarodzokera shure, vanoti ivo kuvaranda vavo '...tangirai muimba yangu tsvene". Zvichida aya ndiwo manzwi aiva namupostori Petro paakanyora achiti iye "Nokuti inguva yokuti kutonga kutange mumba yaMwari".[1Petro 4:17].

Unoona mudikani, Mwari vanoshuvira utsvene kumuviri waKristu nhasi sezvavaingoita kurudzi rwaIsiraeri munguva yakare. Inzwi rokuti "utsvene" 'holiness" rinoshandiswa kanokwana makumi matatu muTestamende yakare, rakanangana neTabhenekari yaigara utsvene nokubwinya kwaMwari. Chinhu chose muimba iyoyo chainzi chitsvene mushure mokunge chashambwa nokupirwa kubasa raMwari. VaPrista vaifanira kuva vatsvene uye nenguwo dzavo dzaifanira kuvawo tsvene. Chinhu chipi zvacho chavo chaifanira kuva chitsvene. Kana nenguwo dzavo dzaifanira kuvawo tsvene. Padzihuma dzavo paive pakaNyorwawo kunzi "Mutsvene KunaJEHOVHA" Zvakafanira sei kuti nesuwo tive vatsvene sezvo takavakirwa pamwe chete kuti tive ugaro hwaMwari muMweya'. Ko hamuzivi here kuti muri temperi yaMwari uye kuti Mweya waMwari unogara mamuri" [1Korinde 3:16]. Tiri imba toutsvene hwaMwari.

Ngatimbonyatsotarira kuti nemhaka yei tichidanidzirwa kuva temperi tsvene yaMwari. Nemhaka yeiko Kereke Ichifanira Kuvatsvene.

Tinofanira kuva vatsvene nokuti tiri ugaro hwaMwari mutsvene. Temberi isiri tsvene haizovi ugaru hwaMwari. Tinofanira kuva vatsvene nokuti takatengwa nokushambwa neropa raMuponisi wedu mutsvene.. Takatengwa nomutengo weropa rake benyu. Chimwezve ndechicgi: Tinofanira kuva vatsvene nokuti takasunungurwa kuti tigova vatsvene vakatsaurwa. Kristu "akada Kereke uye akazvipa nokuda kwayo kuti aiite tsvene , akaishambidza nokushambidza kwemvura neshoko" [Efeso 5: 25, 26].

Takadzikinurwa kuti tive vatsvene uye tisina chatinopomerwa. Chinangwa chikuru chaMwari kuKereke hachiziri chokuti ive nezvirongwa zvakasiyana siyana nokuwanda, kana kuti tumikwende nemitundu yourongwa hwemari, kana kuti vanhu vanzwe zvakanaka zvinotapiririra kunzeve chete; chinangwa chavo ndechekuti Kereke ive tsvene isina chainopomerwa. Iratidze kubwinya noutsvene hwavo kunyika yose..

Tinofanira kuva vatsvene nokuti isu tiri Mwenga waKristu. Achinyorera kuKereke yavaKorinde mupositori Pauro anoti iye, " Ndine godo pamusoro penyu negodo raMwari. Ndakakuitai vakavimbika kumurume mumwe chete, kuna Kristu, kuitira kuti ndigozogona kukusvitsai kwaari semhandara yakachena" [1Korinde 11:2].

Takadanana naKristu mutsvene. Tine mudiwa wedu mutsvene. Sezvo mwenga akashongedzwa, izvi zvichireva mudzimai akazvizvichengetera murume wake, naizvozvowo, nesu soMwenga waKristu tinoshuwira kumira pamberi pake nerimwe zuva takashonga zvakachena zvitsvene. Kuva saizvozvo kuchakonzera mufaro mukurusa nhai? "Ngatifarei uye tifarisise uye timurumbidze [Ishe wedu]! Nokuti mutambo wokuwana weGwayana wasvika, uye mwenga waro wazvigadzirira. Akapiwa mucheka wakachena, wakanaka uye unopenya kuti aupfeke. [Zvakazarurwa 19:7,8]

Kuzvichengetedza, tichizvichengetera iye ari kuuya, soMwenga tichiri pano pasi, ikariro yedu yokubwinya icho chichava muperero worudo rwedenga uye niwo achava mararamiro edu ezuva nezuva. Asika utsvene hunopfuura ipapa. Hunodzika-dzika kupfuura zvinoerwa namaziso avanhu. Utsvene hwechokwadi hunobva mumwoyo womutendi kubudikidza nokugarwa noMweya Mutsvene. Izvi zvichereva kucheneswa mukati-kati umo munoonekwa chete naMwari. Zvinoreva kuva mutsvene pamifungo, zvatinokoshesa, uye izvo zvakadzikatira zvose zvatinoita. Kuva mutsvene zvinoreva kufanana naJesu Kristu iye pachake..."iye mutsvene, asina chaanopomerwa, asina kusvibiswa, uyo akatsaurwa kubva kuvatadzi, akasimudzirwa pamusoro pamatenga". [Heb 7:26] Kuva mutsvene zvinoreva kusava nechinongo, chenenerwa uye kunyepedzera nokunyengera. Chinhu chikuru chinorwadza ndeichi chokuti, Kereke yanhasi inozviera ichishandisa midziyo yenyika ino uye ichitogutsikana naizvozvo zvairi. Izvi zvinoreva kuti kana tichizvienzanisa nenyika tinozviona aiwa, setiri pari nani.[Zvanzi nomumwe muimbi "Zvakanaka Zvakadaro"] Asika pautsvene hapana chinhu chakaita saichocho. Utsvene haisi nyaya yezvidanho-danho. Muutsvene hamuna nhambira pakati. Nyaya ndeyekuruboshwe kana kurudyi. Chete! Pauro anoyambira vaKorinde kuti vashingairire kubvisa mbiriso yose muKereke. Mbiriso mumagwaro inofananidzwa neicho chinooresa nokushatisa. "Hamuzivi here kuti mbiriso shoma inovirisa chikanyi chose". [VaKorinde 5:6] Hapana icho chakaora

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

(Kubva Papeji 7)
chinofanirwa kubvumirwa napaduku pose muimba yaMwari, Kereke yavatsvene. Sokutaura kunoita C.H Spurgeon, "Hatifaniri kutya kunzi tinonyanya [kana pari] pakubvisa icho chakaipa pakati pedu. Sokushingairira kwaiita vaIsiraeri kubvisa mbiriso [vachigadzirira Pasika] nesuwo tinofanira kubvisa chivi chose kubva matiri, mumafambiro uye nemataurirro edu".

Zviiko Zvinosvibisa Temberi YaMwari

Chokwadi chatingataura ndechokuti kubva pachimiro chitsvene chaMwari, chose chatingaita chinotyora Shoko rake kusvibisa temberi yake uye zvinosvibisa Muviri wake [Kereke]. Asika Mashoko matsvene anonongedzerawo zvimwe zvivi zvinoverengeka, izvo zvinokwanisa kudzimura moto womweya Mutsvene waMwari. MuTestamende yakare mune muenzaniso iri pachena uye inotsananangurika, apo Mwari akatonga vanhu vake nezvitadzo zvokunamata zvifananidzo, kugunun'una, kusagutsikana nezvaunazvo, ruchiva,kusatenda uye kumukira utungamiri hwakaiswa naMwari. Zvaiva zvisinei kuti chitadzo ichi chaitiwa nomutungamiri, munhuwo zvake, kana chaunga chavanhu, mutongo mukuru waipihwa chete pamusoro peavo vaisvibisa vanhu avo Mwari aive apa kubwinya kwake. "Zvinhu izvi zvakaitika kwavari kuti uve muenzaniso kwatiri, iyesu takasvikirwa nokuzadziswa kwokuguma kwenyika".

MuPositori Pauro aigaro nyorera maKereke mazhinji muTestamende Itsva pamusoro pezvivi zvinosvibisa Muviri waKristu. Anovayambira kuti vabvise 'chose" chinokwanisa kugumbura Mwari uye kudzima Mweya Mutsvene wavo. Somuenzaniso, kusachena muchitendero kwaiva nengozi uye hakwaifanira kutambirwa kana kusekererwa zvakwo navatsvene. Pauro aiziva kuti mhedzisiro yazvo chitendero chinozvara zviito, chitendero chamanyepo chichizoberekawo kurarama upenyu hwakaipa. [1Korinde 15:33; Garatia 5:8,9]. Akavadzidzisa kuti avo vanopiwa basa routungamiri pamweya, vane basa guru kwazvo rokuchengetedza vatendi kubva kudzidziso, kana kutaura kusina maturo uye kusingaenderani neShoko raMwari. Zvisinei nokuti ingava nyaya yezvipo zvomweya, kana zvidanho zvavanamai mudziKereke, kana yavatendi vaisada kushanda vachingotarira rubatsiro kubva kuKereke, chokwadi ndechokuti sangano raibatwawo nokutadza kutevera mitemo yaMwari ikoku.

Pachimwe chinhanho Pauro anotaridza kudzimbikana nokurwadzikana zvikuru pamusoro penhengo dzaikonzera kupesana muKereke yavaKristu. Nguva zhinji kupesana uku kwaikonzerwa nenyaya yokuzvida. Pauro akaranga zvikuru sei avo vaitara somutemo izvo zvavaida nokufunga, uye neavo vaizvikudza nokukudzawo vamwewo vanhuwo zvavo pamusoro peumambo hwaKristu, uyo ari musoro weKereke. Avo vaikonzera kupesana muKereke, vaitouraya chaizvo izvo muviri waKristu. Pauro akapa yambiro noukasha kune avo vairegedzera mhando iri ipi zvayo yekusanaka. Akatoshamisika kunzwa kuti muKereke yeKorinde maive nomutendi aiita zvoupombwe nomudzimai wababa vake. Zvisinei zvazvo, panokuti Kereke imutonge nechivi ichocho, Pauro anovatuka pamusoro pokutadza kwavo seKereke kutamba-tamba nenyaya iyi. Zvingangodaro kuti chirwere chaive paKorinde chiriwo mudziKereke dzanhasi. Inzwa kuti vanotaura sei "Aiwaka, iro harisi basa rangu... Handizinika ndine mhosva... handivimbi kuti ini vangambonditeererawo panyaya iyi...Zvingava kuti pave nomumwe angataura naye kwete ini... Ko zvine basa reiko neni?"

Zvingangodaro kuti havan kuona kukanganiswa kwaiitwa Kereke yose nechivi cheiiyi hama yaisada kutendeuka. Pamwewo zvingangodaro kuti vamwe vaivawo netwawo tuzvivi mudzuhomwe dzavo, izvo zvaiita kuti zvivaomere kudzora mumwe wavo kuti asaenderere mberi achitadza. Vaitoenderera mberi noupenyu sokunonzi hapana zviripo, vachipofamadzwa kuona ngozi yaive yapinda muKereke yakristu. Pauro anovaudza kuti zvakakodzera kuti vapedzerane nenyay iyi zvachose uye zvisina tsvete. Pauro aigaro kohomedzesa kukosha kwoutsvene muKereke yaJesu Kristu, uyo akapa upenyu hwake kuti igotsaurwa. "Asi pakati penyu hapafaniri kutaurwa kunyange zvoupombwe kana tsvina yemhando ipi zvayo, kana kukara nokuti izvi hazvina kunaka kuvanhu vatsvene vaMwari... Nokuti zvinonyangadza kureva zvinoitwa muchivande navana vasingateereri". [Efeso 5:3,4,12]. Ko mupositori aireveiko apa? Ari kuti iye "Muri vatsvene! Chiraramai upenyu hutsvene! Musabvumira chivi, kana chingava chidiki sei, kusvibisa Temberi yaMwari.

Mubairo Wokusava Vatsvene

Kereke isiri tsvene inorasikirwa nohuvepo hwaMwari uye zvinopaza nokuparadza kudyidzana kwakadzama naye. 'Vakaropafadzwa vakachena pamwoyo nokuti vachaona Mwari". "Itai zvose zvamunogona kuti muve vatsvene, nokuti pasina utsvene hapana munhu achaona ishe" [Heb 12:14] Mumwe muvhangeri womunguva yakare akayechidza vanhu vake kuti

(Inoenderera Mberi Papeji 9)

Rave Awara Rokuguma

Na F.H. Allen

Apo dzamakomo mbabvu rinenge ronobaya;
Kumakore yaro mhere rotsviriridza,
Yeyambiro kubva patutombo twenharire,
"Evoi vana iri rave awara rokuguma.
Basa ramakore anezana nezana,
Rinozadza nguvana duku yokuguma.
Nokuti munyika dzose roruponiso zita,
Tinofanira neinotsva mweya kukomedzesa.
Yachena kuti ikohwewe minda, pupurai,
Evoi imi vanesimba vapupuri, pupurai,
Pakutika mawara akarasarasiwa taikunda,
Mhupuro igounganidzirwa kwaro kudoka zuva.
Wetsoka dzake, Kristu, musindo unonzika!
Hongu, shandai rachakadai kucheka nyika,
Tichishingiswa norudo, nesimba takazadzwa,
Nokuti 'vanangu' iyi yave awara yokuguma.
—KuBva mu'Triumphs Of Faith

(Kubva Papeji 8)

"Kudyidzana nedenga hatizokunanzvi, kana tine mbiriso yeGehena mukati medu". Kana Kereke isiri tsvene haibereki uye haina michero. Kana chivi chikasabviswa, kereke haizooni minana nesimba raMwari. Vasati vayambuka Jorodhani kupinda munyika yechipikirwa, Joshua akakurudzira vanhu vaMwari kuti vazvinatse. Haana kudanidzira musangano mukuru une nyanzvi dzokuimba kuti vasimudze mweya yemhomho yavanhu parwendo rwaitevera. Joshua hana kudanidzira musangano mukuru nevanhu wokuti varonge kuti vaizofamba sei uye vaizorwa sei. Haana kudanidzira sangano romunyengetero. Kwete. Chaakaita chikuru ndechokukurudzira vanhu kutsvene, "Zvino Joshua akati kuvanhu "Zvinatsei nokuti mangwana Jehovha achaita zvinhu zvinoshamisa pakati penyu. Zvakaipa chete ndizvo zvinopfupikisa nokudokopesa ruoko rwaMwari. Kereke isiri tsvene inozvibira umbowo neuchapupu hwayo kunyika. Mwari pavakaudza mosisi kuti haasaizoenda navana vaIsiraeri nokuda kwounhinhi hwavo,Mozisi akarambisisisa achiti "Vanhu vachaziva sei kuti munfadzwa neni uye navanhu venyu kana musina kuenda nesu. Chiizve chicharatidza mutsauko pakati pangu nevanhu venyu navamwe vanhu vose vari pamusoro penyika". [Ekisodho 33:16]

Kana tisina utsvene, hwechokwadi uye hunoonekwa, hatikwanisi kufarikanya muuvepo hwaMwari. Uye zvakare, kunze kwokunge tine huvepo hwaMwari, hapana musiyano wativa nawo kubva kumamwe marudzi uye zvitinoita hazvina kusiyana nedzimwe nhambiro dzenyika.

KuKereke yevaEfeso, iyo yakanga yosiya rudo rwayo rwokutanga, Jesu vanoyambira vachiti ivo "Ndichauya kwauri ndigobvisa chigadziko chako chomwenje panzvimbo yacho, kana usingatendeuki". [Zvakazarurwa 2:5]. Kereke inochinjanisa utsvene hwayo nezvinhu zvenyika, uye isingatendeuki kubva kuzvivi zvayo, ichawana chiedza chayo chichidzimwa uye isisagoni kukokera vanhu kuumambo. Shoko raMwari rinovimbisa mubayiro mukuru unotyisa kune avo vanosvibisa Kereke yake. "Kana munhu achiparadza temberi yaMwari, Mwari achamuparadzawo, nokuti temberi yaMwari itsvene, uye ndimi temberi yacho" [1Korinde 3:17]. Mwari vanotora zvakadzamisisa zvikuru utsvene hwetemberi yavo, uye avo vanoshingairira kukurudzira utsvina mutemberi yavo vachabhadhara mubayiro mukuru kwazvo naizvozvo. Uye chokwadi chiripo ndechekuti kereke yose inokwanisa kukanganiswa nokusachengetedza utsvene hwaMwari ikoku.

Ko Utsvene Tinohuchengetedza Sei?

Ibasa romumwe namumwe wedu uye sesangano raMwari kuchengetedza utsvene hweKereke yedu. KuvaKorinde Pauro anotaura nezvekukosha kwokuzvichenese kubva kuzvivi zvose kwomutendi mumwe namumwe [1Korinde 11] Chokutanga anoti iye "zvinzverei" [28]. Pasina tsvete, uye mukuzvininipisa zviere upenyu hwako maringe nechokwadi choshoko raMwari uye nemwoyo noupenyu hwaJesu. Usabvumira kana itwo "twuzvivi" kuti tupunyuke chiedza chinotsvagisisa cheMweya mutsvene.

Anotizve "zvitongei" [31]. Zvibvunzisisei pamusoro pezviito zvenyu. Bvumiranai naMwari kuti chivi chose zvacho kupikisana naMwari, musiki wepasi nedenga. Bvuma kuti zvaunoita, zvaunotaura nezvaunofunga zvakakosha pamberi paMwari. Chimbidza kutendeuka pazvivi zvose, uzviise pasi peropa raKristu uye uzvituke nokuzvisiya. Asika hazvina kukwana kungotarirana nezvivi zvedu toga. Tinewo basa guru rokuchengetedza utsvene muKereke. Kana mumwe wedu atadza , tose tine basa rokuona kuti tamudzoredzera kuutsvene. Hatifaniri kutarira divi kana vamwe vedu vachichapaza nokupaza utsvene hwaMwari. Nerimwewo divi hatifaniri kungobvarura bvarura avo vanenge vatadza nokutsvedzera shure, zvikuru sei kana vachinge vatendeuka. Tinofanira kuvavarira kudzoredzera hama yatadza, tichishandisa nhanho dzemagwaro dzokudzoredzerana nadzo. Izvi zvino reva kuva norudo uye kuzvininipisa patinodzora uya anenge abatwa ari muchivi". [VaGaratia 6:1; Mateo 18:15] Izvi zvinoreva kuratidza hama yedu kusakwana kwezviito zvake maringe neshoko noutsvene hwaMwari. Kana zvichibvira vamwewo vanofanira kuunziwawo sechikwata. Pamagumisiro, uyo anotadza anofanira kuzounzwa pamberi peKereke. Chatinofanira kuziva ndechekuti chinangwa hachiziri chokukanga nokugocha uyo atadza asi kumudzoredzera kukuteerera Mwari nokuutsvene hwomuviri waShe. Mukunyengetera, achitambira ungwaru, rudo nokudzora kune ungwaru nenjere, meso ake achazarurwa agoutendeuka zvakaperera. Pakadai pangangodiwa kanguva kokudzoredzera uye kanapo mukufamba kwenguva achizodzoredzerwa pabasa zvichifamba noukuru hwechitadzo chake, Kereke inofanira kuramba ichiratidza rudo kwaari. Ngatimboti isu hama yedu iyi haidi kutendeuka, uye haitambiri kudzorwa? Zvii zvatingaita? Apa ndipo panosarira masangano mazhinji kwazvo mukuteerera shoko raMwari, izvi zvichizova nomubairo unotyisa kuKereke yaMwari. Achirayira Kereke yeKorinde , pamusoro pouya aita zvoupombwe, Pauro anoburitsa pachena kuti kana hama iyi isingadi kutendeuka pazvivi zvayo, nagibviswe kana kudzingwa kubva muKereke. Haifaniri kagara ichitapa nokunakirwa nedyidzano yevanhu vaMwari. Kanapo zvichiita sezvineukasha Pauro akange aona aya matanho akakodzera kuneuyo aitadza, zvichida zvaingongomutukunyudza kuti atendeuke ,uyewo kuKereke zvaivabatsira kuchengetedza kubva mukuora pamweya. Chinokatyamadza ndechokuti Kereke yanhasi haina hanywa, nechivi pakati payo. Haitombopfukunyuki zvayo kana napashoma. Vazhinji vanongoregawo zvichienda zvakadaro. Kudzoredzera ibasa guru uye rinotora nguva. Kudzoredzera kunoreva kusiya zvivi zvose muupenyu hwedu. Kudzoredzera hakusiri nyore uye haisiri nzira inoda kuteverwa navazhinji. Asika ndiyo nzira yorudo. Nzira youtsvene. Ndiyo nzira youMwari. [Uye nzira] Nzira chete ingadzoredzera Kereke yaMwari pautsvene hwayo hwakare hwokutanga. Pane vaya vachakangobatirira parugwaro ruya runoti "Usatonge kuti newewo urege kutongwa", [Mateo 7:1] somukana wokusada kudzora hama yawira muchivi. Asiwoka Shoko raMwari rinotibvunza kuti "Hamufaniri kutonga avo vari muKereke here?" [VaKorinde 5:12]. Utsvene muKereke ibasa romunhu wose. "Bvisai munhu wakaipa uyu abve pakati penyu...bvisai [bvisai] mbiriso yakare kuti mugova chikanyiwa chitsva chisina mbiriso"

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)

anodarozve mupositori Pauro. Pamharidzo yake inobata zvikuru pamusoro peiyi nyaya S.H Spurgeon akadanidzira Kereke yaJesu kuti iite zvose zvainogona kuchengetedza utsvene. Munzwe achitaura "Kuregedzera chivi muKereke kunotungamiririra kukusava nehanya, uye pedzisiro kunokokera zvimwewo zvinonyangadza. Chivi chakaita sechisaga chinotengwa chichiuya murino guta chine zvipfukuto mukati. Kangangodaro kaive kachisaga kadiki diki, asika kanenge kakatakura rufu rwezana rezvizvarwa". Naizvozvo kana ukabvumira chivi chimwe chete zvacho 'chidiki' muKereke, hapana onokuudza, iwe ,unozvizivira wega, kuti chivi ichocho chinokusvitsa kupi. Kereke inofanira kubvisa zvose zvivi. Icho chinovava, chinoodza, chinovengwa naMwari chinofanira kubviswa, uye ibasa romushandi waMwari uye neavo vanomubatsira, kuchengetedza Kereke kubva kuzvivi zvinodzinga utsvene hwaMwari.

Hapana icho chakakosha kupfuura **Baba vedu Mutsvene** avo vane kubwinya kunozadza nyika namatenga ose. Hapana icho chakakosha kupfuura **Muponisi wedu Mutsvene**, uyo akadeura ropa rake kuti atidzikinure kuzvivi. Hapana icho chakakosha kupfuura **Mweya Mutsvene** wake uyo isu temperi yake tiri.

Naizvozvo ngatigadzirirei muchato wedu kuGwayana 'tipiwe mucheka wakachena, wakanaka uye unopenya' uye nayewo kuti atiswededze kwaari seKereke inobwinya isina gwapa uye isina chainopomerwa.

Nemvumo yeveLife Action Ministries.

ICHO CHAKAITIKA PAMUCHINJIKWA

"Uyai kwandiri imi mose makaneta, makaremerwa, uye ini ndichakupai zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri , nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo munyoro , uye muchawana zororo remweya yenyu. Nokuti joko rangu rakareruka uye mutoro wangu wakareruka" [Mateo 11:28,29].

Chikuru chakaita pamuchinjikwa ndechichi.....

1.***Jesu vakatakura "kurwadziswa kwedu kwose" kuti iwe neni tiregererwe kukoniwa kwedu.*** [Isaya 53:4,5: "Zvirokwazvo akatakura kurwadziswa kwedu, akakuvadzwa nokuda kwedu kwezvakaipa zvedu."]

2. ***Jesu akakuvadzwa kuti ini newe tirapiwe nokuporeswa.*** [Isaya 53:4, 5: "Zvirokwazvo akatakura matenda edu.... Uye namavanga ake takaporeswa.]

3. ***Jesu vakaitwa chivi kuti iwe neni maari tigova kururama kwaMwari.*** [2Korinde 5:21: "Mwari akaita kuti uyo akange asina chivi ave chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari."]

4. ***Jesu vakafa rufu rwedu kuti ini newe tigamuchire upenyu hwavo.*** [Heberu 2:9: "Asi tinoona Jesu akaitwa muduku zvishomana kuvatumwa, nokuti akatambudzika murufu kuitira kuti nenyasha dzaMwari anzwe rufu , nokuda kwavose."] [VaRoma 6:23: "Mubayiro worufu ndirwo rufu asi chipo chaMwari ndihwo upenyu husingaperi muna Jesu Kristu Ishe wedu.]

5.***Jesu akava murombo kuti iwe neni tikwanisirwe munazvose.*** ["Nokuti munoziva nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu, kuti kunyange zvake akange ari mupfumi asi nokuda kwenyu akava murombo, kuitira kuti kubudikidza nourombo hwake imi mugopfumiswa"] Ishe Jesu vakatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa kwose [kana kuti kuvimbiswa kwose] kwakapiwa kuna Abhurahama kugosvika kwitiriwo isu vaHedheni kubudikidza naKristu Jesu, izvi vachiitira kuti nokutenda tigogamuchira chipikirwa choMweya.]

6. ***Jesu vakanyadziswa kuti iwe neni tigowana kubwinya. Jesu vakarambwa kuti iwe neni tigogamuchirwa kuna Baba.*** [Isaya 54:6: Jehovha vachakudanazve sokunge wanga uri mukadzi akarambwa nokusiiwa uye anotambudzika pamweya, mukadzi akawanikwa achiri mudiki pedzezvo ndokurambwa', ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wako.]

7. ***Jesu Kristu vakave chakatukwa kuti iwe neni tipinde mumakomborero aMwari.*** [Garatia 3;13,14: "Kristu akatidzikinura kubva pakutukwa... paakava chakatukwa iye nokuda kwedu, nokuti kwanyorwa kuchinzi 'Vakatukwa vose vanoturikwa pamuti' Akatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa kwose [kana kuti kuvimbiswa kwose] kwakapiwa kuna Abhurahama kugosvika kwitiri vaHedheni kubudikidza naKristu Jesu, izvi kuiitira kuti nokutenda nesuwo tigogamuchira chipikirwa choMweya."]

NEROPA RAJESU CHETE.....

Tinomukunda chete Satani, kana tikapupura pachena zvose zvinotaurwa neShoko raMwari pamusoro peropa raJesu matiri. [Zvakazarurwa 12:11: Vakamukunda [Satani] neropa reGwayana [raJesu] uye neshoko rekupupura kwavo, Havana kuda upenyu hwavo zvakanyanya zvokuti vangatya kufa]

Naizvozvo kubva nhasi rumbidza Mwari wako uchiti:

Kubudikidza neropa raJesu, ndakadzikinurwa kubva muruoko rwaDhiabhurosi. [VaEfesu 1:7: Uyo watine dzikinuro maari kubidkidza neropa rake , iko kuregererwa kwezvivi zvedu, zviri maererano nokupfuma kwenyasha dzaMwari dzaakawanza pamusoro pedu nouchenjeri hwose uye nokunzwisisa kwose.]

Kubudikidza neropa raJesu, zvivi zvangu zvose zvakaregererwa. [1Johane 1:9: Asi kana tichireurura zvivi zvedu , iye akatendeka uye akarurama, uye achatiknganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose.]

Kubudikidza neropa raJesu, ndiri kugaronatswa pazvivi zvangu zvose. [1Johane 1:7: Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza tinowadzana nomumwe nomumwe wedu, uye ropa raJesu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvedu.]

(Inoenderera Mberi Papeji 11)

(Kubva Papeji 10)

Kubudikidza neropa raJesu, ndakaponeswa, ndakanatswa sokunonzi handina kumbobvira ndatadza. [VaRoma 5:8,9: Asi Mwari vakaratidza rudo rwavo kwatiri pakuti: tichiri vatadzi, Kristu akatifira. Zvino sezvo takashairwa mhosva neropa rake tichaponeswa zvikuru sei naye kubva pakutsamwa kwaMwari.]

Kubudikidza neropa raJesu, ndakatsaurirwa kunaMwari uye ndakaitwa mutsvene. [Heberu 13:12: Uye Jesu akatambudzika...kuti vanhu vave vatsvene kubudikidza neropa rake.]

Kubudikidza neropa raJesu, ndinotsungirira kuti ndipinde paNzvimbo tsvene. [VaHeberu 10:19: Naizvozvzo, hama, zvatinotsunga kuti tipinde paNzvimbo Tsvene neropa raJesu nenzira itsva uye inoupenyu yatakazarurirwa kubudikidza nechidzitiro chinova muviri wake, uye sezvo tinomupirista pamusoro peimba yaMwari , ngatiswedereri kuna Mwari nomwoyo wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo....]

Ropa raJesu rinondireverera kuna Mwari ari kudenga. [VaHeberu 12:24: Asi mauya pagomo reZioni, Jerusarema rokudenga.. paguta raMwari mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvavatumwa vari paungano yomufaro, kuKereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya kuna Mwari mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama vakakwaniswa. Mauya kuna Jesu murevereri wesungano itsva , uye kuropa rakasaswa rinotaura zviri nani pane raAbheri.]

NAIZVOZVO VAKADZIKINURWA NAJEHOVHA NGAVATI....

Muviri wangu itemberi roMweya mutsvene,[1VaKorinde 6:19] Ndakadzikinurwa neropa raJesu [VaEfesu 1:7] ndakacheneswa nokunatswa [1Johane 1:7] uye ndakatsaurirwa kuna Mwari neropa raJesu [Heb 13:12].

Nhengo dzomuviri wangu dzose yave midziyo yaMwari [Roma 6:13] yakapirwa yose kubasa nokubwinya kwaMwari.

Satani haana nzvimbo mandiri, haana simba pamusoro pangu, haana chikwereti neni. Zvose zvakabhadharwirwa neropa raJesu Kristu pamuchinjikwa [VaRoma 3:23-25; 8:33,34].

Ndinomukunda chete Satani neropa reGwayana uye neinzwi rokupupura kwangu uye handidi upenyu hwangu zvakanyanya zvokuti handityi kufa. [Zvakazarurwa 12:11]. Muviri wangu wave waIshe, naIshewo vave muviri wangu [1VaKorinde 6:13].

Kubva muna 'The Divine Exchange' naDerick Prince.

MHURI NEMISHA YEDU kuna Mwari...

KURARAMA MUCHIEDZA

(Kukunda Chivi Kwemhuri Yenyu)

NaKim Butts

Mumakore achangopfuura aya, mhuri yedu yakadzidza zvinhu zvikuru uye zvakakosha pamusoro pechivi, kureurura. Kutendeuka, nyasha nokuregerera. Dzimwe nguva vadikanwa vanokwanisa kutaura zvisizvo, kugodorana nokutsamwisana. Naizvozvo chatakadzidza chikuru, ndechokuti kukumbira nokugamuchidzana rugerero mushure memanzwi ane ukasha kana kugodorana uku, kunokwanisa kutiswededza pedyo napedyo semhuri.Sevana vaMwari tinoshuwira kukunda muvengi wedu Dhiabhori,nokuva nezviito zvakafanana naKristu, pana kugara tichikashanisana nokugumburana sezvaanoda iye Satani.

Kana mhuri yenyu yakaita seyedu. Muchaona kuti tumwe tumakakava tunenge turi pamusoro pezvinhu zvisina namaturo ose, kunze kwokunge twataurwa nezvatwo. Tuzvivi itwotwu kana tikasataura nezvatwo tunokwanisa kukura tugova mazizvivi kana mukasachenjera. Zvakakosha zvikuru savabereki kudzidzisa nokubatsira mhuri dzedu kuti dzichenjerere zviito zvisina kufanira,nokutendeuka uye tigotambira ruregerero rwaMwari.

Dave, murume wangu, anoti iye, "usachengetedze tutsapo tudiki naMwari".

Mwari akatipawo nyasha dzakawanda dzokuregerera vamwe sezvo nayewo akatiregerera zvivi zvedu. Francis Frangipane anoti iye tinofanira kudzidza kuva vanhu "vasingagumburisiki". Kana tikaramba kugumburwa kana kutosvorwa namanzwi nezviito zvavamwe, tichafanana naJesu tigova vanoregerera. Magwaro matsvene anotsanangura kuti rudo runotizarurira sei kururegerero nekanganwiro uko kwakaitwa kwatiri nesimba rorudo rwakiswa mumwoyo medu naMwari mudzimhuri dzedu.

Rudo runomwoyo murefu, rudo runo mwoyo munyoro. Haruna godo, haruna manyavi, haruzvikudzi. Haruiti zvokuvirimira vamwe, harutsvaki zvarwo, karukurumidzi kutsamwa, haruna pfundi. Rudo harufariri zvakaipa, asi runofarira chokwadi. Runodzivirira nguva dzose, runovimba nguva dzose, rune tariro nguva dzose, runotsungirira nguva dzose" [1 Korinde 13:4-7] Chokwadi nguva ishoma yokuti tiitamise nokungobatirira kuuzvivi twokusaregerera vamwe.

KUBATSIRA VANA KUTI VANZWISISE NZIRA DZOKUKUNDA

Hedzinoi tsanangudzo dzingangobatsira vana vedu kuti vanzwisise izvo zvinodiwa mukukunda zvivi:

Chivi – Chose chinokonzera kuti tisamuteerera Mwari Icho chose chinotsamwisa nokusimudza hasha dzaMwari.Jesu vari chiedza uye Satani ndiye mutongi werima. Pose patinotaura kufunga kana kuita tinenge tichishandira mumwe wavaviri ava. Chijana chenyu imi savaereki kutsanangurira vana kuti kamwe

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)
apo tinosateerera Mwari, chivi chedu chinomutsamwisawo nokuti tinenge tasarudza kushandira mumwe ishe. Izvi zvinomutsamwisa Mwari zvikuru, zvigotsamwisawo vamwe nokutsemura ukama hwedu navo uye naMwari. Tinokwanisa kusateerera Mwari dzakati kuti sedzidzi:

* Kuita kana kutaura izvo zvinopesana neShoko ramwari. Nguva izvi zvinokuvadza isu kana vamwe vedu.-panyama, pamizwa kana pamweya.

* Kuita kana kutaura icho chinopesana naMwari.

* Kutadza kuita icho chakanyatsotarwa naMwari kuti tichiite muShoko ravo.

Kurerura – Kuudza Mwari zvose zvitadzo zvako uye uchibvumirana navo kuti watadza. Kana tikatadzira vamwe vanhu tinofanira kureurura kwavari, kanapo nedzimwe nguva zvinenge zvakaoma.

Kutendeuka – Apo tinova neurombo pamusoro pezvivi zvedu, tigozvisvora nokusuruvara uye tigotendeukira kubva kuzviito zvisakarurama, tokumbira nyasha dzaMwari kuti tibve muizvo zvinotikonzeresa chivi. Kungoti chete "ndineurombo" asi zvisingabvi mukati-kati mehana yako hazvina kukwana uye hakusiko kutendeuka kwechokwadi.

Nyasha – hachisiri icho chataifanira kuva nacho uye hausiri mubayiro watinowana, asi nyasha ndeicho chatinotambira kubva kuna Mwari patinotambira Jesu saIse nomuponisi wedu.

Nyasha dziripo nokuti Jesu vakatifira pamuchinjikwa kuti zvivi zvedu zviregererwe naMwari. Nokuda kwezvakaititwa naJesu pamuchinjikwa, Mwari vanotiratidza nyasha, tsitsi neruregerero kwatiri. Nyasha, namwe manzwi tingangoti zvinoreva upfumi hwose hwaMwari kwatiri, nokuda kwaKristu.

Kuregerera – Nokuda kworufu rwaJesu pamuchinjikwa, Mwari vanopa nyasha kuvana vavo nokuvaregerera kana vakareurura nokutendeuka kubva kuzvivi zvavo. Vanoita izvo zvinoshamisa! Vanosarudza kukanganwa! "nokuti ndichavaregerera zvakaipa zvavo uye handizorangaririzve zvivi" [Heb 8:12]. Asika Mwari vanoti nesuwo tinofanira kuregerera vamwe vedu sezvo nayewo akatiregerera . Nyasha dzake dzinoshanda matiri dzinotikwanisira kuregerawo vamwe . Kana tichiramba kuregerera nesuwo hatiregererwi [Mat 6:14,15]. Zvakare kana tichiramba kuregerera tinoisa zvipingidzo kuminamato yedu kunaMwari. Paunomita uchinyengetera kana mumwe munhu akautadzira , muregerere kuitira kuti baba vako vari kudenga vagokuregererawo zvivi zvako"

Basa Ravabereki

Mabatiro atinoita chivi savabereki muenzaniso mukuru kwazvo kuvana, wokuti navowo vachabata sei chivi muramangwana ravo. Pane izvo zvakati kuti zvinofanira kuchenjererwa navabereki pose pavanenge vachitungamiriri mhuri muhondo yokukunda zvivi:

Chokutanga: Imi savabereki, murikufamba mukukunda here zvivi muupenyu hwenyu. Kana vana vakakuonai muchikunda rima, mukushinga kwamunopiwa naMwari, navowo vanova nechivimbo chokukurira muvengi wavo muupenyu hwavo nesimba raMwari.

Chechipiri: Mune tarisiro huru yokuti vana venyu vachadzidza izvo zvakadzama-dzama zvaMwari here, kusanganisira kukunda chivi. Kana vana vakapiwa mweya wokuti vabva zera uye vagoziva kuti zvinhu zvemweya chikamu chokuva vana vaMwari, vanokwanisa kukura kwazvo paMweya nokukurumidza.

Chechitatu: Munovadzidzisa here vana kuti vanonzwa sei pamusoro pechivi, asiwoka nokuti Mwari vanoda vatadzi zvikuru. Kana vana vakadzidziswa Shoko nenzira dzaJesu, vachava nokuvenga chivi samavengero avanoita, uye vagovawo nerudo kuvanhu vose vapanyika.

Chechina: Makagadzirira here kuvenga chivi, nezviito zvakaipa muimba yenyu asiwo muchiratidza rudo kubudikidza nerudo rwokuyananisa rwaMwari. Kana pane kuita kusina kufanira muimba yenyu, tarirai muShoko muri pamwe chete semhuri kuti muone kuti Jesu vanoti kudii? Ndapota musarege chivi chichitsvedzera muimba yenyu. Kana vana vakadzidza kuti 'ndinonzvenga tuzvimhoswa' vanongozogara vane mufungo iwoyu woku'nzvenga' kana naiye Mwari pachavo, [anova manyepo chaiwo omuvengi]. Apo vana vanodzidza mibayiro kubudikidza nenyasha vachadzidzawo nezverudo rusina magumo rwaBaba vavo vari kudenga pamwe chete nemhuri yavo pasi pano. Vana vedu mazuvaano vari kungokura vasinganyotso nzwisisa zvinorehwa nenyasha. Dzimwe nguva vanobvumira wakaipa kuvanyengera kuti vakanganisa zviya zvokuti havakwanisi kuregererwa zvichida kana naivo vabereki vavo, shamwari dzavo uye kana Mwari chaiye pachake. Vana vanofanira kudzidza kuti hapana chivi chinganzi chakakura zviya zvokuti havakwanisi kuregererwa kana kudzikinurwa nenyasha dzaMwari.

Chechishanu: Wakazvimisira here iwe somubereki kureurura, kutendeuka uye kukumbira ruregerero kavana vako kana ukavakanganisira. Hapana chakakosha kudzidzisa vana kupfuura ichochi chokuzvibata kwako iwe nokubatawo zvakanaka Shoko raMwari. Kana iwe somubereki ukakurumidza kukumbira ruregerero paya paunenge waita zvisingaratidzi rudo, nevana vako vachadzidzawo izvo zvaunenge uchivaraira nokuvadzidzisa. Zvinovadzidisawo kuratidzana nyasha dzine tsitsi mumwe kunomumwe.

Shoko raMwari Rinoti kudii Pamusoro Pechivi?

Mukupindura uyu mubvunzo ngatimbotarisisai aya magwaro anotevera:

* "Jesu akapindura akati, 'ndinokuudzai kuti mumwe nomumwe wenyu anoita zvivi ndiye muranda wechivi. Zvino muranda haagari mumhuri nokusingaperi, asi mwanakomana ndiye anogaramo nokusingaperi. Saka kana mwanakomana achikusununguru, muchava vakasununguka zvikuru"' [Johane 8:34-36]

* "Munhu wose anotadza anodarika murayiro, [nokuti] chivi ndiko kudarika murayiro waMwari. Asi munoziva kuti Jesu akaonekwa kuitira kuti abvise zvivi zvedu. Uye maari hamuna chivi. Hakuna munhu anogara maari anoramba achingotadza. Hakuna munhu anoramba achitadza, kana akamuona akamuziva. Vana vanodiwa, musarega munhu upi zvake achikutsausai. Uyo anoita zvakanaka akarurama, saiye akarurama. Uyo anoita

zvakaipa ndowaDhiabhori akange achingotadza kubva pakutanga. Mwanakomana waMwari akaonekwa nokuda kwaizvozvo kuti aparadze basa raDhiabhori. Hakuna munhu akaberekwa naMwari anoramba achiita zvivi, nokuti mbeu yaMwari inogara maari, haangarambi achingotadza, nokuti akaberekwa naMwari" [1Johane 3:4-9].

* Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari" [VaRoma 3:23].

* "Musanyengedzwe 'Ushamwari hwakaipa hunoodza tsika dzakanaka'. Dzokai pandangariro dzenyu sezvamakafanira, uye murege kutadza" [1Korinde 15:33,34].

* "Nokuti tikaramba tichitadza nehwoni, kana takagamuchira ruzivo rwechokwadi, hakuchinisinazve chimwe chibayiro chezvivi, asi kungomirira tichitya kutongwa nokutsamwa kunopfuta somoto, uchapedza vavengi vaMwari" [Heb 10:26,27].

* "Ine nhamo nyika nokuda kwezvinhu zvinoita kuti vanhu vatadze. Zvinhu izvozvo zvinofanira kuuya asi hokoyoi, uye ane nhamo munhu anoita kuti zviitike" [Mat 18:7].

Mushure mokuverenga aya magwaro, zviri pachena kuti Mwari vanovenga chivi. Zvisinei hazvo mutsitsi dzavo huru Mwari vakaita izvo zvinoshamisa kuMwenga wavo wavanodisa [Inova iye Kereke yaKristu]:

1. Vakapa Mwanakomana wavo kuti afe pamuchinjikwa, achifira kuregererwa kwezvivi zvedu. [Johane 1:29] "Chifume chamangwana Johani akange aripozve navadziodzi vake vaviri. Akati achiona Jesu achiuya kwavari akati 'Tarirai Gwayana raMwari, rinobvisa chivi chenyika". Kuva Korinde mupositori anoti iye "Mwari akaita kuti uyo akanga asina chivi ave chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari" [2 Korinde 5:21].

2. Kana munhu achinge atadza, Jesu varipo kuzotidzivirira kumifungo yose yowakaipa uyo anofarira kopomera vatsvene mhosva. 1Johane 2:1-2 "Vana vangu vandinoda, ndanyora izvi kwamuri kuti murege kutadza. Asi kana munhu akatadza, tine murevereri kuna Baba, Jesu Kristu, Iye akarurama. Ndiye chibayiro chinoyananisira zvivi zvedu, uye kwete zvivi zvedu bedzi asi wezvivi zvenyika yose". [Chifume chamangwana Johani akaona Jesu achiuya kwaari akati, 'Tarirai Gwayana raMwari , rinobvisa chivi chenyika']

3. Mwari vanotivimbisa, mushoko ravo kuti vachatichengeteedza zvakare muiro Shoko ravo vakatipa zvombo, zvokurwa nokuzvidzivirira kubva kumuvengi [verenga Efeso 6:10-18] nokutibatsira kukunda muvengi; "tinoziva kuti mumwe nomumwe akaberekwa naMwari haarambi achiita chivi; uyo akaberekwa naMwari anomuchengeta zvakanaka, uye akaipa haagoni kumukuvadza"

NDEZVIPI ZVINHU ZVINOKONZERA KUTADZA

Wakaipa anenzira zhinji kwazvo dzokutipingidza nadzo muupenyu hwedu savatendi. [Savabereki] Batsirai mhuri dzenyu kuti dzitevere muenzaniso waJesu Kristu.

Miedzo – Satani anokwanisa kutiudza nokisa mifungo mundangariro dzedu. Dai vari Jesu vaikwanisa kurwisana nokuramba mifungo yose yakaipa, yaDhiabhorosi kubudikidza neShoko ramwari [Mateo 4;1-11].

Kutadza Kuzvidzora – Nguva zhinji tinoita zvinhu, zvisina kufanira, nemhaka yokuti tinenge tichingotevera zvatinoda isu , izvo zvatinofarira, kupfuura izvo zvinodiwa naMwari sokureva kweshoko ravo.

Dai vari Jesu ingadai vaingoita chete izvo zvavaiona zvichiitwa naBaba vavo: Inzwa Jesu vachitaura "Mwanakomana haagoni kuita chinhu ari oga, anongogona kuita izvo zvaanoona Baba vake vachiita, nokuti zvose zvinoitiwa naBaba Mwanakomana anozvitawo" [Johane 5:19].

Kuzvida/kuzvikudza – Kana tisina hana dzine kuzvininipisa, dzine unyoro, Satani anogona kutisundidzira muzvivi nyore nyore. Tinofanira kugara tichitevera muenzaniso waIshe Jesu Kristu, sezvo akati iye "takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo roMweya yenyu". [Mateo 11:29]

Kuzvifadza – dzimwe nguva tinoita izvo zvisina kunaka, pamberi paMwari nemhaka yokungoda kuzvifadza chete. Asika rangarira kuti dai vari Jesu vaizopira zvose izvo zvavanoda kuti vafadze Mwari. Inzwa mupositori Pauro achitaura "akati awanikwa ane chimiro chomunhu [Jesu] , akazvininipisa uye akateerera kusvika pakufa, kunyange rufu pamuchinjikwa2 [Firipi 2:8].

Kutsamwa – Jesu vakati "aninaani anotsamwira hama yake achatongwawo." [Mateo 5:22]. Pauro achinyorawo kuvaEfeso anoti iye, "mukutsamwa kwenyu, musatadza. Musarega zuva richivira muchakangotsamwa uye musapa Dhiabhori nzvimbo". [Efeso 4:26]. Jakobho anotsinhirawo achiti, "Munhu mumwe nomumwe anofanira kukurumidza kunzwa, kunonoka kutaura, nokunonoka kutsamwa nokuti kutsamwa kwomunhu hakuuyisi upenyu hwakarurama hunodikanwa naMwari" [Jakobho 1:19-20].

CHAKAKOSHA CHOKUGUMISIRA

Ivai nechokwadi savabereki kuti Jesu ndiye Ishe noMuponisi weImba yenyu. Mhuri yenyu ndipowo painozokwanisa kunzwisisa zvakadzama izvo zvose zvatange tichitaura nezvazvo pamusoro. Kuziva chivi uye kuti ungachikunda sei chidimbu chakakosha muhondo yokukunda wakaipa pachikiristu. Chinodiwazve kurarama hupenyu hunoratidza kutsungirira gore negore,zuva nezuva uye huchiratidzazve kunyika kuti Jesu ndiyeIshe woupenyu hwedu semhuri.

Mushandi anogamuchirwa naMwari

"Ramba uchivayeuchidza zvinhu izvi. Uvayambire paMwari kuti varege kuita nharo pamashoko; hazvina maturo, zvinongoparadza chete vaya vanoteerera. Shingairira kuti uzviratidze pamberi paMwari, somunhu anogamucirwa, mushandi asingafaniri kunyadziswa uye anonyatsoruramisa shoko rechokwadi.Nzvenga kutaura kusinei naMwari ,nokuti vaya vanhu vanodaro vacharamba vachirasikirwa noumwari" 2Tim 2:14-15

JESU – MUPRISTA WEDU MUKURU

NaRich Carmicheal

Chiverengwa: VaHebhuru 3:1

"Naizvozvo, hama tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Mupositori nomuprista mukuru uyo watinopupura nezvake" [Heb 3:1].

Makomborero makuru sei muupenyu hwedu savatendi kugara takanamatidzira nokutaridzisa mifungo yedu panaJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Hazvinei kuti tiri pachinzvimbo chakaita sei, takasimba here kana kuneta, tiri kumutsiridzwa here kana kuti tiri kudzorerwa shure, tirimumufaro here kana kuti mukusuwa, tirimuutere here kana kuti tiri vatano, tinawana here kana kuti tiri varombo, tiri vakundi here kana kuti tirikukurirwa, tingamutsiridzwa zvikuru kana tikatendeutsira pfungwa nehana dzedu kuna Jesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Ndiye simba redu, kurudziro yedu, mufaro wedu, utano hwedu, upfumi hwedu, kukunda kwedu, ruponiso rwedu, zvichingoenda zvakadaro. Savatendi zvakafanira zvikuru kuti tigare takanamatidzira mifungo yedu panaJesu Kristu.

"Naizvozvo nesuwo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngati bvisei zvose zvinotiremedza nechivi chinongotinamatira nyore , uye ngatimhanyei nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa. Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu." [Heb 12:1,2] Rega ndikukoke nhasi kuti timbotarisisa kuzvokwadi zvinotevera pamusoro paJesu, zvokwadi inokohomekedzeswa nomunyori kuvaHebheru: [Zvokwadi yokuti] Jesu ndiye Muprista wedu Mukuru. Mukuedza kutibatsira kubatisisa chokwadi ichi chaJesu Muprista wedu Mukuru, munyori kuvaHebheru anonyurura mifananidzo nemisiyano pakati paJesu navaprista, [kusanganisira navapamusoro] vomuchitenderano chakare. Mumuenzaniso mumwe nomumwe munyori anonongedzera kuhukuru hwaJesu somuprista mukuru kupfuura vose vaprista vakare ivava.

JESU NENZVIMBO TSVENE TSVENE

Imbofunga somuenzaniso, mabasa aive akatarisana nemipiro pazuva roKuyananisa. Pamwongo webasa romuprista aive akadanirwa iri basa, kwaive kupa mipiro yokuyananisa pazvivi zvavanhu. Ushumiri uhwu hwaivapo gore roga roga, [verenga Revhitiko 16] apo muprista aibvumirwa naMwari kupinda Munzvimbo tsvene tsvene, mutemberi, achinozviyananisa iye pachake nevemhuri yake uye nevanhu vaMwari. Iye oga ndiye aibvumirwa chete kupinda Munzvimbo Tsvene tsvene uye pazuva irori roga chete pagore, uye aizviita mushure mukutevera gadziriro yokushambidzwa sokureva kwaMwari [pasina izvozvo aingangofa pakupinda muzvimbo tsvene tsvene].

Munyori kuvaHebheru anonongedzera kuti izvo Jesu, savaprista vapamusoro vakare, akapinda Munzvimbo Tsvene tsvene kunotiyananisa naMwari pazvivi zvedu. Asika pane misayano yakakosha pakati peUshumiri hwake nohwovaprista vakare.

Inosanganisira zvinotevera:

* Apo vaprista vakare vaipinda panzvimbo tsvene yakagadzirwa, asi yaive ichingova mufananidzo chete waiyo chaiyo, Jesu haana kupinda mutembere yakaitwa namaoko avanhu, asi kuti akapinda kudenga chaiko, achitiendera pamberi paMwari [9:24].Uye haana kupinda kudenga kuti azviite chibayiro kakawanda, somuprista mukuru wakare ainopinda muNzvimbo Tsvene-tsvene, gore negore, neropa risiri rake. Izvi zvinoreva kuti izvo tino muprista mukuru, akagara kurudyi rwechigaro chaIshe kudenga, uye anoshumira muimba tsvene, iyo Tabhenekari chaiyo iyo yakamiswa naIshe kwete navanhu [8:2].

* Apo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene vakaputirwa neutsi hwezvinonhuhwira huchifukidza chigaro chenyasha pamusoro peChipupuro [Revhi 16:13], Jesu, soMwanakomana waMwari akatiendera muuvepo hwaBaba [9:24; 10:9].

* Vamwe vaprista vaiva vatadziwo, vaitanga vazviyananisa ivo zvivi zvavo naMwari vasati vapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene. Naizvozvo vaipinda munzvimbo Tsvene vaine ropa kwete ravo—asi remhuru [raimirira zvivi zvavo], nerembudzi [raimirira zvivi zvavanhu]. Asi Jesu , nokuda kwokuti aive asina chivi haana kupa mupiro wezvivi zvake. Akazvipa asina chaangapomerwa kuna Mwari-Muviri wake uye neropa rake risina charingapomerwa. Akapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene neropa rake kuti aparadze chivi nokuzviita chibayiro iye pachake! [O Haleluya!]

* Kanapo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene kamwe pagore, Jesu 'akaonekwa kamwe chete" pamagumo enyika kuti aparadze chivi nokusingaperi . Mupiro wake ndowa kamwe chete nokusingaperi!

* Kanapo ropa remhuka dzaipirwa navaprista raive nesimba shoma rokuyananisa uye richiita kuti vanatswe panyama, zvaive zvakaoma zvikuru kuti ropa remhuka idzi ribvise zvivi zvavo nokusingaperi. Vanhu vairamba vachinzwa huremu hwezvivi zvavo uye nokuzvitongesa kwezvivi. Mipiro yaipiwa gore negore yaitova muyeuchidzo wezvivi zvavo [10:1]. Asi ropa rinoshamisa raJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! rine simba rose rokutidzikinura kubva kuzvivi zvedu, nokutichenesa mifungo yedu kubva kuzvivi.

HUKURU HWAJESU SOMUPRISTA

Munyori kuvaHebheru anogoveranawo nesu, kufanana nemisiyano pakati pavaprista naJesu izvo zvinokwanisa kupfumisa zivo neukama hwedu nouyu Muprista mukuru. Zvimwe zvacho ndezvizvi:

Jesu soMuprsta Mukuru akasarudzwa kubva pakati pavanhu sokusarudzwa kwavaprista vakare.. Aive munhu wakazara, akaitwa "sahama dzake nenzira yose kuitira kuti agova muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari uye

kuti ayananise vanhu nokuda kwezvivi zvavo" 2:17]. Akatambudzika paakaedzwa, uye akadzidza kuteerera kubva pakutambudzika kwake [5:8]. Asi savaprista vakare, Jesu haana chvi. Iye "mutsvene, asina chaanopomerwa, asina kusvibiswa, akatsaurwa kubva kuvatadzi akasimudzirwa pamusoro pamatenga" [7:26]. Apo vaprista vakre vaive vakaneta, iye "akakwaniswa nokusingaperi".

Kwakava nomutorododo wavaprista nokuti rufu rwakavatadzisa kupfuurira mberi savashumiri. Asika Jesu anogona kuti ponesa zvakazara kana tikauya kuna Mwari kubudikidza naye nokuti "anorarama nokusingaperi achivanyengeterera" [7:25].

Kusiyana navaprista vakare vaibva murudzi rwRevhi, Jesu ndowo rudzi rwaJudha, rudzi rusina kumbobvira rwashumira paaritari. Akauya somuprista ari worudzi rwaMerikizedhiki asiri worudzi rwaAroni [Aroni aive werudzi rwaRevhi].

Pane zvakakosha pamusoro paMerikizedheki: [Chokutanga] Anoramba ari muprista nokusingaperi—naJesuwo anoramba ari muprista nokusingaperi. [Chechipiri] SaMerikizedheki, Jesu muprista naishe [7:1-2] uye [Chechitatu] Uprista hwaJesu hukuru kunohwaAroni worudzi rwaRevhi.. Izvi zvinooneka kana tichitora chiga chokuti muduku anoropafadzwa noakamupfuura paukuru. Sezvo Abhurahamu akaropafadzwa naMerikizedheki , iye ndiye anoonekwa somukuru. Uye sezvo Revhi aizouya murudzi rwaAbhurahama, Merikizedhiki mukuru kuna Revhi. Naizvozvo sezvo Jesu aizouya murudzi rwaMerikizedhiki, uprista hwake hukuru pane verudzi rwaRevhi. [7:4-10].

* Apo vaprista vakare, kusanganisira naiye Aroni, vaisavimbika muukama nebasa ravo kunaMwari, Jesu ari muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari" [2:17] uye aka tendeka somwanakomana pamusoro peimba yaMwari" [3:6].

* Savaprista vakare, Jesu akapiwa uprista naMwari. Asiwo Jesu havasiri munhu chete Mwanakomana waMwari wakazara. Havasiri munhu wakazara chete asiwo ndiMwari vakazara.. "Ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba".

Vamwe vaiva vaprista pasina mhiko, asi Jesu vakave muprista zvine mhiko."Ishe akapika uye haangashanduri murangariro wake: Iwe uri muprista nokusingaperi" Nokuda kwechisimbiso cheshoko nechivimbiso chake Jesu Muprista uye achava Muprista nokusingaperi.

* Kanapo vamwe vaprista vaimira nguva yose vachipa miro yakafanana, Jesu vakapira nokusingaperi mupiro mumwe chete uye vakanogara kurudyi rwaBaba [10:12]. Pamuchinjikwa vakadanidzira, "Zvapera" [Johane 19:30]. Kuyananiswa kwakaitwa! Munyori kuvaHebheru onokhomedzesa izvi nokuti rangaridza kuti Jesu vari kurudyi rwaMwari kudenga, [1:3; 8:1; 10:12; 12:2]. Mupiro wake wakapedza zvose, uye vari kurumbidzwa kudenga panzvimo yakakwirira nokuremekedzwa, kurudyi rwaMwari!

* Vamwe vaprista vaive noushumiri, chivibvumirano, zvivimbiso uye nezvitarirowo. Asi munakristu zvinhu zvose zvave nani; ane ushumiri hwakapfuura hwavo pakunaka, , akava rubatso rwesungano inopfuura nokunaka, iyo yakasimbiswa nezvipkirwa zviri nai uyezve ane tariro iri nani.

PUNDUTSO YOUPRISTA UKURU HWAJESU

Patinoisa mudzihana dzedu zvokwadi iyi ine chokuita naJesu muprista wedu mukuru, pane zvikomborero zvatingabata nokukoponora nokutenda muupenyu hwedu.

Hezvinoi zvikomborero zvatinowana:

* Muumunhu hwake Jesu akasangana nezvinhu zvatinosangawo nazvo nhasi uno. Nokuda kwaizvozvo, anogona kutinzwira tsitsi pautera hwedu [4:15] uye ane ngoni nenyasha kwatiri [nokuti anoziva kuti tiri ivhu] [2:17; 4:16]. Anokwanisa kutibatsira pakuedzwa kwedu uye tinokwanisa kuvimba nenyasha dzake, kuitira kuti tigowana nyasha , tibatsirwe panguva yokushaiwa kwedu. [4;16]. Tinokwanisa kutendeukira kwaari nguva iri ipi zvayo kuti tiwane rubatsiro.

* Tinokwanisa kuwana kurudziro norudekaro nokuti Jesu vanokwanisa kuti ponesa zvakaperera. Pane dzimwe nguva patimbonzwa sokupererwa, apo zvinenge zvakadzvanya. Asi tinokwanisa kushingairira munguva dzakadai tinokuziva kuti uyo akatanga basa iri matiri anokwanisa kuripedza [VaFiripi 1:6].

Jesu anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba"[1:3]. Vanokwanisisa kuti batsira nokutichengetedza. Naizvozvo tinokwanisa "kubatisisa kushinga kwedu uye netariri yatinozvirumbidza pamusoro payo" [3:6] uye tinokwanisazve "kubatisisa kuvamba kwokutenda kwedu kusvikira pakuguma" [3:14] Isu hatiziri vaya vokudzokera shure, uye vanopradzwa, asi tiri vokutenda uye tinoponeswa! [10:39]. Jesu ndiye muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera uye akanzi naMwari ave muprista mukuru worudzi rwaMerikizedhiki [5:9.

* Tinowana kurudziro mukurangarira kuti Jesu vanorarama nokusingaperi uye vachitinyengeterera. Chimwe chikamu cheminyengetero yavo iri pamusoro pedu isu savatendi. Imbofunga munyengetero wavo pana Petro, "Simoni Simoni, Satani akumbira kuti akuzungure segorosi. Asi ndakunyengeterera, Simoni kuti rutendo rwako rurege kupera. Uye paunenge watendeuka , usimbisewo hama dzako" [Ruka 22:31]. Fungisisazve zvakare nezvikamu zveminyengetero pamunyengetero wake pana Johane 17, uyo unoonekwa navamwe somunamato wake mukur wouprista: "Munyengetero wangu hausi wokuti muvabvise panyika asi kuti muvadzivirire pane akaipa. Havasi venyika, seni ndisiri wenyika. Vaitei vatsvene nechokwadi chenyu; shoko renyu ndiro chokwadi. Sezvamakandituma munyika, neniwo ndakavatuma munyika. Nokuda kwavo ndinozviita mutsvene, kuti naivowo vaitwe vatsvene muzvokwadi" [15-18; "Munyengetero wangu hausi waava voga. Ndinonyengeterererawo neavo vachazotenda kubudikidza nemharidzo yavo, kuti vose vave vamwe, Baba, sezvo imi muri mandiri uye neni ndiri mamuri. Naivowo ngavave matiri kuitira kuti nyika igotenda kuti makandituma. Baba, ndinoda kuti vaya vamakandipa vave neni pandinenge ndiri ,uye kuti vaone kubwinya kwangu, kwamakandipa nokuti makandida nyika isati yasikwa" [vv 20-21,24]. Mupositori Pauro vanotirangaridzawo kuti Ishe Jesu vari kurudyi rwaBaba, vachitinyengeterera, uye hakuna chinhu chingatiparadzanisa

norudo rwavo. Muzvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye wakatida. Tinokwanisa kushingairira kusvika kumagumo nokuti Ishe wedu ari kuti nyengeterera!

* Sezvo Muprista wedu akavimbika nokutendeka, tinokwanisa kuvimba naye zvakaperera. Vanogara vakangodaro kubva zuro, nhasi kusvika kukusingaperi. Tariro yedu maari haizombonyadziswi. "Tine tariro iyi sechibatiso chomweya chakasimba chisingazungunuswi. Inopinda mukati mechidzitiro chomutemberi, makapinda Jesu akatitangira isu, akapinda akatimirira. Akava muprista mukuru nokusingaperi worudzi rwaMerikizedhiki.

* Kubudikidza neropa rake, takasunungurwa kubva pasimba rechivi, uye tinokwanisirwa kushumira mwari. Hatisisri varanda vechivi , asi tinokwanisa kupira muviri yedu seavo vakadzikinurwa kubva murufu kuupenyu. Tave zvisikwa zvitsva muna kristu, tine ruponiso noupenyu hwake zvichishanda matiri. Mutsvene arikutiita nesu tive vatsvene.

* Kubudikidza neropa raJesu Kristu, tinokwanisa kuregererwa nokunatswa. Mupositori Johane vanotirangaridza ichi chokwadi kuti "ropa raJesu Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose. Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose" [1Johane 1:7-9] "Kana munhu akatadza tine murevereri kuna baba, [iye] Jesu Kristu, uyo akarurama. Ndiye chibayiro chinoyananisira pazvivi zvenyika yose! [1Johane 2:1-2]. Jesu vanokwanisa kupedza zvose zvivi zvedu. Kana uri kunetsekana nechivi, unokwanisa kutarira kwavari iye nhasi kuti ugowana kukunda!

Naizvozvo, iko zvino tinotsunga kuti tipinde Munzvimbo tsvsne neropa raJesu [10:19]. Atizarurira nzira kuti tipinde muhuvepo hwaMwari. Kwete kungotizarurira nzira chete asi ndiyezve anotitungamira. Tsanangudzo yaAndrew Murray pamusoro pamakomborero okupinda Munzvimbo Tsvene, ndiwo andinoona akfanira mukupeta nyaya yedu:

"Hapano [achireva paNzvimbo Tsvene tsvene] apo uso hwaBaba hunoonekwa, rudo rwake ruchiravirwa. Hapano apo utsvene hunozarurwa uye mweya uchinzi utore hawo. Apo mupiro worudo, munyengetero nokutenda, zvinonhuhwirira zvomunamato nomukumbiro zvinopiwa [kunashe] musimba rakapfuurisa. Hapano apo kudururwa kwoMweya Mutsvene kunozivikanwa sechidzivadingwi chorwizi rusingapwi, kubva pachigaro chaMwari neGwayana. Hapano apo mweya [womunhu], muhuvepo hwaMwari, unokura kuva chimwe chete naKristu uye kuva chakafanana naye. Apo, muhuumwe naKristu, muminyengetero naye, nesuwo tinosimbiswa kutora chigaro chedu choumiriri pamunyengetero, tine simba munaMwari uye tinokukunda. Apo mweya unosimuka souri pamapapiro egondo, simba richivandudzwa, uye makomborero, simba nerudo zvichipiwa kuva vaprista vaMwari kuti, vaende vanokomborera nyika irere panhoo yorufu. Apo zuva nezuva tinowana kuzodzwa kutsva, musimba tichikwanisa kuenda kunova vadanidziri, zvapupu uye kuva mikana yoruponiso rwaMwari kuvanhu, uye tichiva midimbwa mipenyu iyo ishe vedu, vakakomborerwa, vanogona kuratidza kukunda kwavo kwakazara. O Jesu! Muprista wedu mukuru, uhwu ngahuve hupenyu hwedu kubva nhasi kusvika nariini.

YETEGYEREZE:

Abarikwetenga akatabo aka omu Rungyereza (English) nimubaasa kuhandiikira:

The Publisher
Herald of His Coming
P.O. Box 279
Seelyville IN 47878
USA

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].